ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№№189-190 (23.098) ● 2015 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 30, бзаджэ ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и 70-нэ сессием и пленар зэІущІэм къыщипсэлъар

Ди зэІущІэм и Тхъэмадэу пщІэ зыхуэсщІ! ПщІэ зыхуэсщІ зиусхьэн Генеральнэ секретарь! Къэралхэмрэ правительствэхэмрэ я унафэщІхэу пщІэ зыхуэсщІхэ! Гуащхэ, зиусхьанхэ!

Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Зэгухьэныгъэр илъэс 70 щрикъу юбилейр щхьэусыгъуэ хъарзынэщ тхыдэм уэхэлъэжьи, ди къэкІуэнуми утепсэлъыхьын папщІэ. Нацизмэр зэхэзыкъута къэралхэм 1945 гъэм я зэфІэкІхэр зрагъэІуІуэу щытащ, зауэ нэужьым дунейм щыІэну щытыкІэм и лъабжьэ быдэ зэтрагъэувэн папщІэ.

Фигу къэзгъэкІыжинщ къэралхэм я зэдзлэжьэкІэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа унафэхэр, ООН-р къызэгъэпэщыным теухуа унафэр ди къэралым, Гитлер пэщІэтыныжмкІэ коалицэм и унафэщІхэм Ялтэ щрагъэкІуэкІа зэІущІэм къыщащтауэ зэрырщытар. Ялтэ зэрыщызэгурыІуам илэжькІэ гугъуехьышхуэ хэлъу дыхуэкІащ, абы цыхуу мелуанипщІхэм я гъашІэр щІатащ, XX пІэщыгъуэм щІыпІэр зыгъэгупса дунейпсо зауэру тІу абы ялэ итащ икІи, пэжыр жыпІэнымэ, а зэгурыІуэныгъэр дунейм цІыхуу тетым щІэгъэкъуэн яхуэхъуащ иужьрей илъэс 70-м екІуэкІа Іуэху мытыншхэр, языныкъуэхэм дежь гуэвэгъуэу щытахэр, кІыхьэранэкІынымкІэ, абы дунейр гуэвэгъуэ нэхъ иныжхэм ящихьмащ.

Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Зэгухьэныгъэр хабзэм къызэрезэгъыжмкІэ, абы хэтхэм я бжыгъэмкІэ, зэфІигъэкІ Іуэхуэхм я куэдагъэкІыжмкІэ зыхуэфбгъэдэн щымыІэ Іэнатіэщ.

Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Зэгухьэныгъэр хабзэм къызэрезэгъыжмкІэ, абы хэтхэм я бжыгъэмкІэ, зэфІигъэкІ Іуэхуэхм я куэдагъэкІыжмкІэ зыхуэбгъэдэн щымыІэ Іэнатіэщ. Пэжщ, иужьрей зэманым ООН-м дагъуэ куэд хуащІу зэхыбох. Абы зэфІигъэкІышхуэ щымыІэу, мыхьэнэшхуэ зиІэ унафэхэр къыщищтэкІэ зэгурымыІуэныгъэхэм хэхуэу, псом япэу ШынагъэшагъэмкІэ Советым хэтхэр зэгурымыІуэу хуежаІэ.

Абы теухуауэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ зэгурымыІуэныгъэхэр ООН-м сытым дежи зэрырщыІар, мы организацэр къызэрызэрагъэпэщэ блэкІа илъэс 70-м къриубыдэу а зэгурымыІуэныгъэхэр къызэрыдекІуэкІыр. Псори зэрызэгурыІуэ Іуэхур зым икъутэжыныжмкІэ хуитыныгъэн (вето) зэпымыууэ щыІащ: ар Америкэм и Штат Зэгуэтхэмэ, Великобританиеми, Франджыми, Китаймэ, Совет Союзми, нэхъ иужькІэ Урысейми къагъэсэбэпащ. Лъэныкъуэ куэдым телажьэ икІи къэрал куэд къызэщІэзыубыдэ мы организацэм и дежкІэ ар къызэрыкІуэ Іуэхущ. ООН-р къыщызэрагъэпэщым зыми къилъытакъым абы хэт псори сытым дежи зэгурыІуэу къызэрыкІыну. ИпэжыпІэкІэ жыпІэмэ, мы организацэм и кьалэныр лъэныкъуэ псори зэгурызэгъэуэн хэкІыпІэхэр къэлъыхъуэнырщ, абы и къарур Іуэху епльыкІэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэрилъытэфырщ.

ООН-м и утыкум зыщытепсэлъэух ІуэхуэмкІэ зэгурыІуэмэ, резолюцэу ятх, зэгурымыІуэмэ, дипломатэм зэрыжаІэщи, унафэр пхокІ е пхыкІырхьым. Апхуэдэ хабзэм къыпэзыкІухьыну хущІэкъу дэтхэнэ зы къэралми илэжьхэр хабзэншагъэщ, ахэр Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Уставми, иджырей дунейпсо хабзэми кьеозгъыркъым.

Дэ дыщыгъуаззщ «зауэ щІыІэр» ихуа нэужь дунейм тепщэныгъэр щызыІыгъ зы центр зэрызэтеувам. Абы щыгъуэ а лъагапІэм кьытехутахэм я щхьэр унаэзри, езыхэм кьапэхэуп щымыІэу, жыпІэ лъэш дыдэу, пэжыкІи хуейкъм хэт нэхъри нэхъыфІу щыгъуазэу кьашьхьэжащ. Апхуэдэу щыщыткІэ, зыхуэфащэ унафэхэр чэнджащэрэ гупсысэрэ хэмылъу кьищтэн зымыдэ ООН-р, ди дежь зэрыщыжаІэщи, «лъабжьэм кьыщІэджэразэурэ», зэран хъууэ арат. Абдежьм кьыщежьащ Зэгуэныгъэр кьызэрызэрагъэпэщауэ щыта теплъэр кьызэремызэгъэжьым, жьы зэрыхъуам, абы и тхыдэ кьалэныр зэрызэфІигъэкІам теухуа псалъэмакъэр.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

КІУЭКІУЭ Юрий: Къуэкіыпіэ Гъунэгъум щыщыІэ щытыкІэр зэтес щІыжынымкІэ Іэмалыр террорым пэщІэтынымкІэ дунейпсо коалицэ къызэгъэпэщыным теухуауэ Урысейм и Президентым къыхилъхьарщ

ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къыщыщыпсалъэм дунейпсо терроризмэм зэрызиубгъум теухуауэ УФ-м и Президент Путин В. В. къигъэлъэгъуахэм щытепсэлъыхьым КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ:

«ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къыщыщыпсалъэм ди къэралым и Унафэщ Путин Владимир къиІэтащ дуней пор иджыпсту нэхъ зытегущыІэзэныкъ Іуэхухэр.

Хэхауэ абы къыхигъэщащ «хабзэм къызэрезэгъыжмкІэ, хэтхэм я бжыгъэмкІэ, зэфІигъэкІ Іуэхуэхм я куэдагъэкІэ» нобэ зэбгъэпщэн щымыІэ Іэнатіэм. Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и мыхьэнэр зыхуэдизыр. ИкъуэкІэ тэмэмщ дунейм щІыхуу тетыр дунейпсо терроризмэм и щынагъуэм щыпэщІэува лъэхъэнэм ООН-м и пщІэр гъэмэщІэным хуэунэтІа сыт хуэдэ Іуэхури щынагъуэу зэрыщытыр. Псори дьэзэрыщыгъуаззщи, террористхэм Кавказ Ищхъэрэм щыщу куэд яхэтщ. Кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ ахэр Урысейм кьимыгъэхьэжныр. Дин нэпцІым зэритхьэкъуам, апхуэдэу зэуэкІэм зэрыхэгъуэзам кьыхэкІыу абыхэм ди деж щыщыІэ щытыкІэр зэІагъэхьэфырнущ.

Сириием и щІыхуу щтапІэ ихьажа минищэхм яхэтщ я псэр, я унагъуэхэр кьрагъэлын папщІэ зи псэупІэхэр къэзыгъэна ди хэкуэгъуэр - Сириием щыпсэу адыгэхэр.

БзаджащІэхэм я идеологэм, кьыщыгъэлъэгъуащ Путин Владимир и псалъэм, «исльамыр игъэпуд, абы и фыгъуэ нэсхэр зэблащ». Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр дыщыгъуаззщ дин идеологие егъэлеяр зищІысымрэ абы кьихь гуэвэгъуэр зыхуэдэмрэ.

ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм Путин В. В. къыщипсэлъам тхыдэ мыхьэнэ иІэщ, ар пэжыгъэ хэлъу дунейм щыІэ Іуэхугъуэхэр дэгъэкІыным бгъэдохьэ икІи зэман кІыхькІэ ди къэралым дунейпсо утыкум щригъэкІуэкІыну Іуэхуэхэр кьеГъэлъагъуэ».

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эр.

Хабзэншагъэр къагъэувыІэн папщІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ КЪБР-м промышленнэ продукцэр хабзэм къемызэгъыу зэрыщызэрагъэкІуэкІым пэщІэтынымкІэ комиссэм и зэІущІэ. Абы хэтащ республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщІхэу Егоровэ Татьянэрэ Мусуков Алийрэ, министрхэр, район унафэщІхэр.

- РЕСПУБЛИКЭМ зэфІихьин хуей Іуэхугъуэхэм ящыщщ промышленнэ продукцэр хабзэм къемызэгъыу зэрызэрагъэкІуэкІыр. ГъэувыІэным теухуауэ ди къэралым и Президентым мы гъэм щыІшылэм и 23-м къищта Унафэр гьэзэщІэныр. А лэжьыгъэр къызэгъэпэщын хуейщ 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м Правительствэм итъэбелджылэ Унафэм и мардэхэм техуэу. А псори зытеухуэжар къэралым и социально-экономикэ щытыкІэр егъэфІэкІуэнырщ. Дэрэ ди республикэм щыдиІэщ а Іуэху зэІумыбзхэм телажьэ комиссэ. Абы и лэжьыгъэр си нэІэ щІэтынущ, абыкІэ кьызэдэІэпыкъунущ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алийрэ КЪБР-м щыІэ МВД-м и министр Ромашкин Игоррэ. Комиссэм хэтщ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр, Правительствэм хэтхэр. А гупым ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэмкІэ жэуап ехь промышленностымрэ сату ІуэхуэхмкІэ министрым. Комиссэм и кьалэнхэм хохьэ республикэм экономикэ, финанс шынагъэншагъэр кьыщыізэгъэпэщыныр, ди щІыхуэм я псэуКІэмрэ я узнышагъэмрэ егъэфІэкІуэныр. Псоми къэтлъытэн хуейщ щытпэщылъ лэжьыгъэм жэуаплъныгъэшхуэ зэрыпылъыр, - жиІащ **КІуэкІуэ Юрий**, зэІущІэр къыщыізэІуихым.

КЪБР-м хабзэм кьемызэгъыу щызэрагъэкІуэкІ промышленнэ продукцэр зыхуэдэм, хабзэншагъэр къэзгъэувыІэным теухуауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ, бжыгъэ щхьэхуэхэри къигъэнэІуащ КЪБР-м щыІэ МВД-м и министр **Ромашкин Игорь**.

- Хабзэм къемызэгъыу зэрагъэкІуэкІ промышленнэ продукцэм епха мыхьэмыщІагъэр зэран зыхуэхъур бюджетым и закъуэкъым, атІэ абы республикэм и цІыхуэхм я узнышагъэри ирегъэкІакІуэ. Апхуэдэ продукцэм техногеннэ зэранегъэу кьишэри мащІэкъым. Зи гугъу тщІы Іуэхум теухуауэ мы гъэм кьыщІэдгъэщащ щІэпхъаджагъэ 556-рэ. Абыхэм ящыщу процент 98-р екьэлІащ фадэм. Апхуэдэу кьыщІагъэкІуэ кьыщІэдгъэщащ этил спирту литр мелуани 2-рэ мин 367-рэ, фадэу литр мин 665-рэ. Мы гъэм кьэдгъуэтащ гьэпщкІуауэ фадэ кьыщыщІагъэкІ цех 26-рэ. Ахэр щагъэлажьэрт Бахьсэн, Аруан, Лэскэн, Шэджэм, Прохладнэ щІыналъэхэм, Налшык кьалэ.

Министрым жиІащ республикэм фадэм и акциз нэпцІхэр къызэрыщагъэсэбэпыр. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, ахэр Азербайджаным щащІащ, ди республикэм гъэпщкІуауэ кьрашащ. Кьыщыгъэщащ нэгъуэщІ хьэпшыпхэм я дамыгъэ кьэзыгъэсэбэп Іуэхущ Іапі э нэпцІхэри. Урыху кьуажэм кьыщагъуэтащ «Арфхьэ»-м и дамыгъэр зытет псыуэ птулькІэ мин 20-м щІигъу.

Іуэхум теухуауэ КЪБР-м и Роспотребнадзорым иригъэкІуэкІа лэжьыгъэр кьигъэнэІуащ абы и унафэщІ **Пагуэ Жыраслъэн.**

КЪБР-м и Роспотребнадзорымрэ Роздравнадзорымрэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр кьагъэнэІуа нэужь, КІуэкІуэ Юрий жиІащ Іуэхущ Іапі эхэр кьэпщытэным я бжыгъэр гъэмэщІауэ ахэр сэбэп зэрыхъум хэгъэхъуэн зэрыхуейр.

- Кьэпщытэныгъэ бжыгъэншэхэмкІэ цІыхуэхэр зэхэзехуэн фымыщІ,- жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● «Кавказ джэгухэр-2015»

Псори дэзыхьэх зэпеуэ

Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм щэнхабзэ спортымкІэ я еханэ фестивалыр фокІадэм и 27-м Дагъыстэным и кьалащхьэ Мэхъэчкъалэ щекІуэкІащ.

ФИГУ къэдгъэкІыжынщ Іуэхугъуэ щхьэпэм и кьежьэкІэ хъуар. Ялрэй зэхуэсыр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм адыгэхэр нэхъыбэу здсу Хьэбэз щІынальэм 2010 гъэм кьыщрахьэжьауэ щытащ. КьыкІэлыкІуэ илъэсым «Кавказ джэгуэр» Черкесск щагъэлъэгъуащ. Ещанэрэй зэхуэсым здыщыпищам псори дыщыгъуаззщ - ар ди республикэм и кьалащхьэ Налшыкщ. Елліанэр, 2013 гъэм зэхащар, Псыхуабэщ щекІуэкІар. Етхуанэр нэгъабэ Шэшэным и щыхьэр Грознэ щыізэхэтащ.

Гу лъыбэдгъэтэну дыхуейт, зи гугъу тщІы фестивалыр кьызэрырахьжьэрэ зэман куэд дэмыкІами, абы и лъэр Кавказ Ищхъэрэм быдзу зэрыщигъэувам. Шэч хэмылъу, щэнхабзэ-спорт и лъэныкъуэкІэ жьэгъу журналистхэмрэ зэгуригъэІуауэ «Адыгэ псалъэ» газетым и обозревательэ Хьуажь Фахъри, тыркубзэр адыгэбзэкІэ зэридзэкІыурэ.

Пресс-конференцыр кьызэзыгъэпэща, «Адыгэ псалъэ» газетым и редак-тор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ Мухьэмэд хьэщІэхэр фІэхьус гуапэкІэ кьригъэблагъэри, тыгъи яхуищІащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Обозревателым и псалъэ

Къремыхъуж апхуэдэ гуауэ!

Илъэсипщі дэкІащ абы лъандэрэ, ауэ иджыри илъэсипщІ Іэджэкіэ ящыгъупщэжынукъым, ар апхуэдизкІэ гущІыхьэу икІи дызыпэмыплъауэ щытащи, ди лъахэ щІэращІэм и тхыдэм напэкІуэцІ фІыцІэу къыхэнащи.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м нэху дыкъэкІат дунейр уэфІу, кьаруушхуэ ямыІэжми, дыгъэ бзийхэр Іэпкъльэпкъым кьедэхащІэрт. Щхьэж езым и Іуэху яужь итыжт, мамыру, пІейтеиншэу псэууэ еса цІыхуэхэр зы ІейгуэрипІлъэртэжьам. Арщхьэкіэ...

Налшык и хьэлІэ зэмылІэужьыгъуэхэм автоматышэуэ щывууащ, гранатэхэр щадзащ. Къэхъуар кьыщыдгурыІуар иужькІэщ: БзаджащІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым кьыщеГъэрыкІуащ лъэныкъуэ зыбжанэкІэ. Я Іэщэхэр нэхьыбэу зытрагъэпсар хабзэхьумэ Іуэхуащапіэхэрт. Ауэ шэ фиягъэм хэдэ ящІэркъым: зэхэуэзэм занщІэу эхкІуэдащ цІыху мамыр зыбжанз...

Жэпуэгъуэм и 13-мрэ 14-мрэ екІуэкІахэм дэ дыщыгъуаззщ абы щыгъуэм газетхэм традзахэмкІи, иужькІэ илъэс бжыгъэкІэ бзаджащІэхэм я суд щащІэм белджылы къэхъуахэмкІи. Абы къыхэкІыу къытедгъэзэжьынкъым, къэхъуар къызыхэкІа щхьэусыгъуэхэм дызэреплъыр жытІэн кьудейщ.

А зэманым Кавказ Ищхъэрэм щытыкІэр щытхкІийт. ЕтІуанэ щэнэн зауэм и дэпыр иджыри ужьхьыжатэкъым. НэгъуэщІ щІынІэхэм Іуэхуэр щыщІагъэуэтэкъым, дин хуэмэбжьымэ гупхэр утыку кьыщицхьэрт. А псоми я курыкупсэм ит ди щІынальэрт щымамырыр, жылагъуэр къаугъэнщэу щызэгурыІуэр. Ар я нэм бжэгъу кьыщІэуэрт фЫы зигу имылъ кьарухэм. Ягъэхъыбар губгъуэрыс шэшэн командир гуэрым жиІауэ: «Дэ кьэдгъэушынщ жей Іувым хэт а тхьэІухудыр». ИКІи, занщІэу щымытми, ди жагъуэ зэрыхъущи, кьыхьупІауэ жыпІэ хъунущ, 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-р дигу кьэдгъэкІыжмэ...

НэгъуэщІ зы щхьэусыгъуэщ гъэсэныгъэ лэжьыгъэр хуабжьу екІэкІуауэ зэрыщытар. ЩІалэгъуалэр кІэрыуТІынщ хъуат, куэдыр лэжьапІэншэт. Ар Іэкіуэльакіуэу кьагъэсэбэпащ Кавказыр Урысейм хэзыгэкІыну хэт кьухьэпІэ кьэралхэм я щхьэрылажьэ Іэнатіэхэм: абыхэм ахъшэ я куэдт. Іэнатіэншэ, зыхэпсэукІын зимыІэ ныбжьыщІэхэр кьэбгъэІулэну гугъуэтэкъым. Абы папщІи нэгъуэщІ Іэмалхэми кьадэкІуэу, кьагъэсэбэпырт диныр. «Кавказ Имарат», нэгъуэщІу жыпІэмэ, Кавказым исльам ткІийм тет къэралыр кьыщызэгъэпэщыным теуха бэнэныгъэм кьихьэну кьыхураджэрт. Абы идеологие щхьэтепІэ хуащІынри кьагъэуэтат. Мыбдежьм мыхьэнэ гуэри щІэжтэкъым гъэзгу мыгъуэм теувахэм я нэхъыбэм езыхэр зыщІэбэнри, здэкІуэри кьаэзрегурымыІуэм: наІуэу зэрыщытщи, хэзымыщІыкІ, зи къэухьыр мыльагъ цІыхур уи жьІэм щІэбгъэувэну, узыхуейр ебгъэщІэну нэхъ тыншщ.

Арати, лъы ягъэжащ. Махуиткіэ Налшык щекІуэкІа зэхэуэхэм лъэныкъуитІымкІи куэд хэкІуэдащ. ЦІыху псори зэхуэдэщ, ауэ ди дежкІэ нэхъ гуауэжьыр абыхэм я нэхъыбэр зрыщыдыгэрщ. Ар ди лъэпкъ мащІэм и дежкІэ удын хьэлъэщ. Си гум ихуркъым тхакІуэ икІи еджагъэшхуэ МафІэдз Сэрэбий абы теухуауэ жиІахэр: «Ахэр ныбжьыщІэхэт икІи илъэс бжыгъэ нэхъ дэмыкІыу ди лъэпкъым цІыху 500 - 600 нэс къыхьагъэхъуэфынут». Сыт тщІэн? БлэкІам кьыпхуегъэзэнокъым. Дэ къытхуэнэжьыр абы дерс кьыхэтхынырщ. Къремыхъуж апхуэдэ гуауэ!

Ди псалъэм и кІэухыу кьыхэдгъэщыну дыхуейщ ущхьэдэмыщхъуэу ятетэу щІэпхъаджащІэхэм ди хабзэхъумэхэр лІыгъэшхуэ яхэлъу зэрыпэщІэувар. Абыхэм ящыщу хэкІуэдахэм я фэеплъыр дэ тщыгъупщэркъым.

ШАЛ Мухьэмэд.

Тырку тхакІуэмрэ журналистхэмрэ зэпсалъэ

Дыгъуасэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм щекІуэкІащ тырку тхакІуэ, «Шэрджэс-хэр» томищ хъу тхылъыр зи Іэдакъэ къыщІэкІа Кайя Ялчын и пресс-конференц.

КЪБР-м и радиом, телевиденэм, газетхэм я журналистхэм гъэщІэгъуэн куэд кьажриаІащ илъэсипщІым щІигъукІэ тхылъым елэжьа Ялчын. Ар иджы япэу адыгэ хэкум кьишащ и ныбжьэгъуфІ, Тыркум щыпсэу хьэрычэтыщІэ Іэдэмей Хьикмэт. Абыхэм зэрыжаІамкІэ, тхылъыр Истамбул утыку кьыщрахьащ. Иджы ар зытеухуа шэрджэсхэр щагъэгъуэзэну Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуауэ аращ.

Тырку тхакІуэмрэ ди лэжьэгъу журналистхэмрэ зэгуригъэІуауэ «Адыгэ псалъэ» газетым и обозревательэ Хьуажь Фахъри, тыркубзэр адыгэбзэкІэ зэридзэкІыурэ.

Пресс-конференцыр кьызэзыгъэпэща, «Адыгэ псалъэ» газетым и редак-тор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ Мухьэмэд хьэщІэхэр фІэхьус гуапэкІэ кьригъэблагъэри, тыгъи яхуищІащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.



Я Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр зэтемыхуэми

2013 гъэ лъандэрэ иджы япэ дыдэу Путин Владимиррэ Обамэ Баракрэ зэІущІащ. Лъэныкъуэхэр Нью-Йорк щызэпсэлъащ сыхьэтрэ ныкъуэм щигъукІэ.

Зэпсэлъэныгъэхэр зэхуэщІауэ щытащ. Хабзэу зэрыщытщи, къэралитІым я Іэтащхьэхэм я Іэхэр зэрыубыдри сэлам зэрахащ. Иужькіэ екІуэкІа пресс-конференцым Путин Владимир щыжиІащ зэІущІэм мыхьэнэшхуэ зэриІар икІи лъэныкъуэхэм я Іуэху епльыкІэхэр къехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу зэрырщызэхуэІуэтар.

«Абы щыгъуэми, - къыхигъэщхьэкІащ Путин Владимир, - урысей-американ зэхущытыкІэхэр фІыуэ пхужыІэнукъым. Ауэ ар дэ ди ягъэкъым. Абы дыхуэзыгъэкІуар США-рщ».

Къэхъэпіэ къэралхэм я коалицэу «Ислъам къэралым» удын езыдэхэм хыхьэну Урысейр зэрыхуэхьэзырым теуха упщІэм жэуап щиртым, Путиным жиІащ: «Дэ Іуэхугъуэм догупсыс, ауэ абы дыщыхуэкІуэнур дунейпсо хабзэхэм я мардэхэм дытетущ».

Пресс-конференцым Путин Владимир наІуэ хыхьащиІащ США-м и президентым щепсалъэм кьыхихьхьа жэрдэм пыухьыкІахэр.

Уасэхэр докІуей

Илъэсым зэрыщІидзэрэ Урысейм инфляцэр процент 9,8-кІэ щыдэкІуэнщ. Апхуэдэу кьитащ УФ-м Статистикэмкіэ и къэрал комитетым.

Абы щыгъуэми ерыскъыхэкІхэр процент 20,6-кІэ, ерыскъыхэкІыу щымыт хьэпшыпхэр процент 14,6-кІэ нэхъ лъапІэ хъуащ.

УФ-м и Банк Нэхъыщхьэм къепльытэ инфляцэр мы гъэм процент 12 - 13-м нэс дэкІуеину.

Кундуз къалэм йобгъэрыкІуэ

Афганистаным и дзэмрэ шынагъуэншагъэмкІэ и къарухэмрэ, США-м и заэлІхэр къадэІэпыкъуу, Кундуз къалэр хуит къащІыжьыным иужь ихьащ.

ИпэІэкІэ ар «Талибан» зэщІэхъеныгъэм хэт щІэпхъаджащІэхэм яубыдауэ щытащ. Апхуэдэ щІыналъэшхуэ зыІэрагъэхьэн абыхэм яхуэзэфІэкІатэкъым иужь илъэс 14-м. Зэкіэ къызэратамкІэ, правительствэм и къарухэм бзаджащІэхэм кьыІэщІагъэкІыжащ полицэм и унэмрэ къэхъуэщымрэ. Къат хьэбархэм ятепщІыхьмэ, зэхэуэхэм куэд хэкІуэдащ. Талибхэм лъэхъуэщым кърагъэкІыжащ езыхэм кьадэщІхэр. ЦІыху мамырхэм кьалэр ябгьинофыркъым, ар талибхэм кьызэрауэхьуреихьам кьыхьэкІыу.

Нобэрэ

•Абхъазым и цІыхубэм текІуэныгъэ къыщихьа махуэщ (1993)

•Дэгуэм я дунейпсо махуэщ

•1835 гъэм кьалъхуащ Тыркум щекІуэкІ шэрджэс лъэпкъ-щэнхабзэ зэщІэхъеныгъэм жьыджэру хэта, маршал, дипломат **ТІыгъуэ ФуІэд-пэщэ**.

•1930 гъэм кьалъхуащ США-м щыпсэу шэрджэс хэхэсхэм я зэгухьэныгъэм хэтэ, егъэджакІуэ **Хильми (Хьэбжокъуэ) Мэджэ**.

•1947 гъэм кьалъхуащ Сириием щынагъэншагъэмкІэ и кьарухэм я генерал-полковник, политикэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Абазэ Уэлид**.

•Публицист, КЪБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Мэзэ Сусанэ** кьащалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур: «pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэриты-мкІэ, нобэ Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 23-рэ, жэщым градус 13-18 хъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЦЕКЪУЭ Піатіщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Жыжьэ уплъэн и пэкІэ, гъунэгъуу щытыр зэгъэлъагъу.

Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. ООН-м и Ассамблеем Нэхъыщхьэм и 70-нэ сессием и пленар зэIущIэм къыщипсэлъар

(КIэухыр. ПэщIыздзэр 1-нэ нап.).

ЗэрыгурыIуэгъэщи, дунейм зехъуэж, апхуэдэ къекIуэкIыкIэм ОООН-р езэгъыу щытын хуейщ. Псоми я зэгурыIуэныгъэр и лъабжьэу ООН-м адэкIэ зегъэужьыным теухуа лэжьыгъэр абы хэтхэм ящIыгъуу Урысейм иригъэжьэну хъэзырщ, ауэ дэ къыдольытэ ООН-м и пщIэмрэ ар хабзэм къызэрезгъэпымрэ шэч къытепхьэным шынагъэушхэ пылъу. Абы дунейпсо зэхуэщытыкIэхэм я зэтеухуэкIэр къигъэлъэлъэнкIэ хъунущ. Мис абы щыгъуэ хабзэ гъэпкъ щыIэжьныкъым, нэхъ пщыкIэм и хуитыныгъэм фIэкI.

Апхуэдэ дунейм зэдзэлажьэныгъэм и пIэкIэ зым и фIэфIныгъэр щытепщыж, а тепщэныгъэм зиубгъуурэ псоми я зэхуэдэ хуитыныгъэхэр щыдикъуэзу, демократие нэсымрэ щхьэхуитыныгъэмрэ щехуэхыу, къэралыгъэхэм я зэпхыныгъэ пIэкIэ нэгъуэщI щыIныгъэхэм я унафэр щыIэкIуэ протекторатхэр щыIэтеувэу екIуэкIынущ. АтIэ си япэкIи къэпсэлъэхэм зи гугъу яIщ къэралгъэ суверинитетыр зиущIысыр сыт? Псом япэу ар дэтхэнэ зы цIыхуми, зэрыщыту цIыхубэми, къэралми я хуитныгъэрщ, зэрыхуейуэ псэунымкIэ хуитныгъэрщ.

Псалъэм къыдэкIуэу жысIэнщи, пщIэ зыхуэсщI си лэжьэгъуэ, а IуэхуМ екъэлащ къэрал властыр законым къызэрезэгъри. Мыбдеж псалъэхэм ящридижзгу хъунукъым. Дунейпсо правэм, дунейпсо Iэхуэхэм щыкуейуам дежи дэтхэнэ зы терминри гурыIуэгъуэу, Iуплщу, мыдыкъуакъуэу икIи псомэ зэтехуэу къагурыIуэу щытын хуейщ. Дэ псори дызэщыкъым, абы тэмэму бгъэдыхьэпхъэщ. Зыми и къалэнкъым зэгуэр зыгуэрым къыхихауэ зытет зыужьыкIэм зыдригъэкIуну.

Дэ псоми зыщыдгъэгупщэ хъунукъым блэкIам и дерсхэр. Къапщтэмэ, дэ дигу илъщ Совет Союзым и тхыдэм щыщ щапхъэхэр. Социальнэ гъэнэхуныгъэхэр нэгъуэщI къэралхэм къыщагъэсэбэпыну, идеологием езэгъыу къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр щIагъэхуэбжьэну хущIэкъуу зэрыщытам гуэзвэгъуэхэр къыщрикIуэ, зыужьыныгъэм иIэкIэ къыкIэрыхуныгъэм щыхуимэ щыIащ. Ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, нэгъуэщI-хэм я щыуагъэм дерс къыхахыным иIэкIэ, къытрагъэзэжурэ а щыуагъэ дыдэхэр ялэжьу аращ. «Демократие революцэ» жыхуаIэхэри нэгъуэщI къэралхэм къыщызэгъэпащыныр зэпагъэуакъым. Си япэ иту къэпсэлъам зэрыжиIаущ, КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ Ищхъэрэ Африкэмрэ щыIэ щытыкIэм и закъуэ уригъэщI. Политикэ, социальнэ гугъуехьхэр а щIыналъэхэм куэд гъэнэгъэ щызэтрихьэри, зэрыгурыIуэгъэщи, цIыхухэр зэхъуэкIыныгъэхэм яхуэпабгъэрт. Ауэ ипэжьитIкIэ къэхъуар сыт? Хамэ къарухэр къызэрыхэIэбам къыхэкIыщ КъуэкIыныгъэхэр ирагъэкIуэкIыным ипIэкIэ къэрал IуэхущIапхъэхэм цIыхухэр зэсэжа псэуКIэри къехъэкIнехьэкI хэмылIу зэтракъутащ. Демократиемрэ зыужьыныгъэмрэ текIуэным ипIэкIэ залымыгъэр, тхьэмыщкIагъэр, социальнэ гуэзвэгъуэхэр къызэщIорыуагъ, цIыхум и хуитныгъэхэр, абыхэм псэуну цIыхум иIэ хуитныгъэри яхэту, зыуи кърадзэжыркъым.

Апхуэдэ щытыкIэ зэтезыгъуэвахэм «Зэхэфщыхьахэр иджы къыщыгурыуэжрэ?», жыIэу уеупщIну къыпфIощIрелъей. Ауэ абы жэуап кърамытынкIэ сошынэ, сыту жыIпIэмэ езыхэм я зэфIэкIымрэ псоми зэрефIэкIымрэ, зыми зэрамыгъэкъуэнщэфынур зи лъабжьэ политикэр абыхэм иджыри къызэранэкIакъым.

Иджыпсту щыIэдзауэ нэрылъагъущ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ Ищхъэрэ Африкэмрэ власть щымыIэу къызэрынам псори зэхигъэзэхыхьащ икIи ар экстремистхэмрэ террористхэмрэ псынщIэ дыдэу къагъэсэбэпу щIадзащ.

Я́пэщIыкIэ абыхэм Iэщэ ират, ягъасэ, итIанэ аэр «Исльам къэралыгъуэ» жыIуа́Iам и лъэпкъыкIэ ивахуж. Есы «Исльам къэралыгъэри» езыр-езыр къэунэхуакъым: ар «щIым ирамыгъэIуэсу» яIыгъащ езыхэм ягу иримыхь тепщэгъуэхэм пэщIагъэувэн папщIэ. Сириемрэ Иракымрэ хэщIапIэхэр щIэзэтригъэувауэ, «Исльам къэралыгъуэм» адрей щIыналъэхэм псынщIэу зыщIегбгъу, зэрыщIыту мусльымэн къэрал псоми я тепщэу увын плъапIэр иIэу. Апхуэдэ мурадхэми ар къыщымыувыIэну зэрыхуежьэнур гурыIуэгъуэщ. Абы къызэкIыIу Iэхуэр щынагъуэ къудейуэ къанэркъым.

Апхуэдэ зэманым фэрыщIыгъэщ икIи къемызэгъащ дунейпсо терроризмэм и щынагъуэм уи макъыр Iэтауэ утепсэлъыхьныр, ауэ террористхэр ахъшэкIэ къызэзыгъэпэщхэрэ абыхэм ядэIэпыкъуэхэрэ, абыхэм наркобизнесыр, щыIыдагъэмэ Iэщэмрэ хабзэм къемызэгъуеу зыщэжэр яхэту, умыильагъу зыпщIынныр е иужькIэ бгъэкIуэдыну, зэтебгъуэнкIэ угурэ, экстремист гупхэм запыщIэнкIэ, политикэ мурад пыухыкIахэм ехьэлIауэ ахэр бгъэIуэхутхьбэзэщIэнэр.

Апхуэдэ Iэхуэхэр зылэжьхэмрэ апхуэдэу гупсысэхэмрэ яжесIэну сыхуейщ: пщIэ зыхуэсщI зиусхьнэх, зэрыгурыIуэгъэщи, фэ пэшэгъу гущIэгъуншэ дыдэщ, ауэ ахэр апхуэдизу къызэрыгуэкIкъым икIи делэкъым, фэ нэхъри нэхъ делэкъым икIи жыIэрэйщ хэт дэтхэнэр сыт хуэдэ мурадкIэ къигъэсэбэпми. Абы и щыхьэт нагъуэщ Сириемэ и оппозицэ мыткIий жыхуэтIам Iэщэ террористхэм зэрариратам теухуа иужьрей хьыбархэр.

Террористхэр пэшэгъу къэщIыныр, абы къыщымынэу - Iэщэ етыныр акъыльнышагъэм и мызакъуэу, мафIэшхуэ зэщIэзыгъэст лэжьыгъэу къызолъытэ. Абы терроризмэм и щынагъуэм дунейм псом зыщиубгъуныр, ар планетэм и Iыхьэ псоми нэсыныр къишэнкIэ хъунущ. АтIэми «Исльам къэралыгъуэм» и хэщIапIэхэм дунейм и къэрал куэдым, абыхэм европэ къэралхэри яхэту, къикIа боевикхэм зыщагъасэ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, пщIэ зыхуэсщI си лэжьэгъуэ, сэ зэIуахуэ жызмыIэу хъунукъым Урысейри а къэралхэм зэращыщыр. Дэ къэдгъэхъункIэ Iэмал итэкъым лъы гъэжэным игъэта а лIыужкIэм я унэ ягъэзэжу я Iуэху фIейхэм абы щыпащэнур. Дэ абы дыхуейкъым. Апхуэдэм зыри хуейкъым, пэжкъэ? Урысейр сыт щыгъуи тKIий-уэ икIи зэкIэтыкIыгуэ къоув терроризмэм и сыт хуэдэ лIэужьыгуэрми и бийуэ. Нобэ дэ дзэ-техникэ дэIэпыкъуныгъэ Иракым, Сирием, а щIыналъэм щыщ нэгъуэщI къэралу террорист гупхэм япэщIэтхэм идот. Хуабжьу щыуагъэшхуэ ялэжьу къыдолъытэ Сирием и властхэм, правительствэм и армэу террористхэм лIыужьыгъэ хэпIуэ пэщIэтым ядэлэжьэн зымыдэхэм. И чэзу хъуащ Президент Асад и армэмрэ Сирием щыIэ курд ополченэмрэ фIэкI «Исльам къэралыгъуэмэ» адрей террорист органхэзэмрэ ипэжьитIкIэ зыри зэремысауэр псоми къагурыIуэну. Дэ дыщыгъуаззщ щIыналъэм щыIэ гугъуехьхэми зэгурымыIуэныгъэ псоми, ауэ Iуэхур зэтетщIыхьын хуейр иджыпсту зэтеуда щытыкIэгъэ.

Дэ къыхыдолъхьэ щIэуэ къэувэ гугъуехьхэр дэдгъэкIын папщIэ къарууэ щыIэр зэщIэдгъэIуэну икIи терроризм абзэнынымкIэ ипэжьитIкIэ зыубгъуауэ щыт дунейпсо коалицэ къызэдгъэщIыну.

ПщIэ зыхуэсщI си лэжьэгъуэ! ЖызмыIэу хъунукъым пэжьигъэ хэлъу икIи зэIуахуэ дэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэр Урысейр зыкъыфIэщIыжу хуежьа хуэдэу ягъэхъунэжьн папщIэ иужьрей зэманым къэзгъэсэбэпу зэрыхуежьар. Къыпщыхьнуц апхуэдэ псалъэмакъэр езыгъэкIуэкIэм езыхэм зыкъыфIэщIыжныгъэ лъэпкъ яхэмылIу. Ауэ, пщIэ зыхуэсщI си лэжьэгъуэ, Iуэхур зытеутхуар аракъым, атIэ дунейм щыIэтеувэу хуежьа щытыкIэр адэкIэ пшэчыну Iэмал зэримыIэрщ.

ИпэжьитIкIэ зэрыщIытыр арщи, дэ нэхъ япэкIэ зэжэтлъхьащ Iуэхур пагагъэм темыщIыкьауэ, дунейпсо правэм тету икIи псоми я сэбэп зыхэлъхэмрэ я зэхуэдэ фIыгъуэхэмрэ я лъабжьэу зэтегъуэвэн, щIэуэ къэува гугъуехьэр дэдгъэкIын папщIэ къарууэ щыIэр зэщIэдгъэIуэну икIи терроризм абзэнынымкIэ ипэжьитIкIэ зыубгъуауэ щыт дунейпсо коалицэ къызэдгъэпэщыну. Гитлер пэщIэтын папщIэ къызэрагъэпэщауэ щыта коалицэми хуэдэу, абы зэкъуэгъуэвэфынут нацистхэм ещхьыркъабзэу икIагъэмрэ щIыхугъэншагъэмрэ зи плъапIэхэм тегушхуауэ япэщIэу вэну хъэзэн. Къару зэмылIэужьыгъуэхэр.

Дауи, а коалицэм увыпIэ нэхъыщхьэ щызыбгъэпхъэр мусльымэн къэралхэрщ. Сыту жыпIэмэ, «Исльам къэралыгъэм» абыхэм шынагъуэ къаэзэрыхуихьым и мызакъуэу, иригъэкIуэкI лъыгъажэмкIэ абы егъэпуд дунейпсо дин нэхъ ин дыдэр - исльамыр. Боевикхэм я идеологэм исльамыр зэблаш, абы и фIыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэр зэрыщымыту къагъэзльагъуэ.

Мусльымэн диным и лэжьакIуэ пэрытхэм захуэзэгъэзэну сыхуейщ мыпхуэдэу: иджмпсту фэ цIыхухэм я деж щыIэ пIэщIэми фи уазхэми мыхьэнэшхуэ яIэщ. Боевикхэм зыхашэну яущий цIыхухэр гъэзгу пхэнжьм щыхъумэн, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къызэкIыну гъэпцIагъэкIэ террористхэм зыхашахэм къагъэзэжу гъэзгу тэмэмым теувэжьн, Iэщэр ягъэтIыпIэн, зэкъуэшхэр щызэрыкIыж зауэр ягъэувыIэн папщIэ ядэIэпыкъун хуейщ.

ШынагъуэншагъэмкIэ Советым иджипсту и тхъэмадзуэ щыт Урысейм мы махуэхэм къриубыдзу министрхэм я зэIуидэ зэхуишэсынущ, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум и щIыналъэм щыIэ шынагъуэхэм зэпкърыхауэ хэпIэн папщIэ. Абы псом япэу щыхэпIэн папщIэ дэ къыхэтлъхьэнущ «Исльам къэралыгъэмрэ» адрей терроризм гупхэмрэ япэщIэт къаурхэм я зэфIэкIэр зэгъэуIуныкIэ инафэм и проектыр. Аргуэру къытызогъэзэжри, апхуэдэ зэдзлэжьэныгъэм и лъабжьэу щытын хуейщ ООН-м и Уставым къигъэувэжр.

Дэ дыщогугъ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум политикэ зэпIэзэрытыныгъэ къыщыдзэгъэпэщыжьынымрэ социально-экономикэ щытыкIэр щыдзэфIэгъэувэжьынымрэ теухуа стратегие убгъуа дунейпсо зэгучъэныгъэм хэтхэм зэхалъхьэфынкъым. Абы иужькIэ, щIэ зыхуэсщI си ныбжьэгъуэ, щтапIэ ихьжьажэр щыпсэун тедаапIэкIэр щIэтщIын щыIэжьныкъым. Щалъхуа щIыналъэр зыбгъынахэм япэщIыкIэ я гъэнэгъу къэралхэр, иужькIэ Европэр зэщIащтащ. ЦIыхухэр минищэ бжьыгъэ, уеблэмэ мелуан бжьыгъэ хъууэ къыщIэкIынущ. ИпэжьитIкIэ ар гуэзвэгъуэшхуэм кIихьа, лъэпкъхэм я дунейпсо IэпхъуэныгъэщI икIи дэ псоми, Европэри къытхэту, дерс хьэлъэ тхуэхъуа Iэхуущ.

Мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ Ливием и къэрал Iэхуэщ IапIэхэр зэтеГъуэвэжьным, Иракым и правительствэщIэм дэIэпыкъуным, Сирием и Правительствэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщIэгъэкъуэным.

КъыхэзгъэщхьэхукIыну сыхуейщ: щтапIэ ихьжьажэр, шэч хэмылIу, гущIэгъуэр дэIэпыкъуныгъэр хуэныкъуэщ. Ауэ а Iэхуэшхуэр нэсу дэгъэкIа щыхъунур зэтракъута къэралыгъуэхэр зэтрагъэувэжмэщ, властым и Iэхуэщ IапIэу зызэтенахэр е зэтрагъэувэжэр ягъэбыдэмэщ, гугъуехьэм хэуда къэралхэм зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр - Iэщэр, экономикэр, мылькур хиубыдэу иратмэщ, сыт хуэдэ гуэзвэгъуэхэр къалъыкъуэкIами, щалъхуа щIыналъэм къина цIыхухэм зыщIагъакъуэмэщ.

Дауи, зыми IэщIэмылъ къэралхэм дэIэпыкъуныгъэр зэрыратынур щхьэж зэрыхуейуэкъым, атIэ ООН-м и Уставым къызэрыщыгъэлъэгъуам ипкъ иткIыщ. Мы IэнатIэм щалэжьхэр, адэкIи щалэжьынухэр дунейпсо правэм къезэгъыу щытын хуейщ икIи ахэр Зэгучъэныгъэм диIыгъыпхъэщ, ООН-м и Уставым къемызэгъэкIэ Iуэхуэхэм хагъэхьыпхъэщ.

Мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ Ливием и къэрал Iэхуэщ IапIэхэр зэтеГъуэвэжьным, Иракым и правительствэщIэм дэIэпыкъуным, Сирием и Правительствэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщIэгъэкъуэным.

ПщIэ зыхуэсщI си лэжьэгъуэ, дунейпсо Iэхуэщ ООН-р зи пашэхэм я къэлэн нэхъыщхьэ дыдэу ноблым къэувар мамырыгъэр хъумэныщ, щIыналъэ щхьэхуэхэми зэрыщыту дуней псоми зэпIэзэрытыныгъэ щыIэнщи. Абы и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, дэ дызэрепIымкIэ, зи гугъу щIыпхъэр щынагъуэ здэщымыIэ щIыналъэ мыгуэшэ къызэрэпэщынущ, гуп хэхахэр мыхъуу, цIыху псоми папщIэ щынагъуэншагъэ къызэрэпэщынущ. Пэжщ, ар къызэрымыкIуэу гугъуехьышхуэ зыпIуэ, зэман кIыхькIэ зэлэжьэн хуей Iуэхущ, ауэ нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэкъым.

Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ди язынныкъуэ пашэгъуэхэм я гупсысэкIэр «зауэ щIыIэм» и лъэхъэнэм блок зэмылIэужьыгъуэхэм хэтахэр зэрыгупсысэу щытам хуэдэщ икIи геополитикэ щIыналъэ щхьэхуэхэр къэгъэрыщIынным нэхъ тегъэщIащ. ЯпэщIыкIэ пащащ НАТО-м зегъэубгъуныжьмкIэ Iэжьыгъэхэм. УщэупщIэ хъунущ: сыт хуэдэ мурад ар зытеуухуар, Варшавскэ зэгъэхьыныгъэ щыщымыIэжкIэ, Совет Союзыр щыкъэтэжакIэ? ИтIани НАТО-р къызэтена къудейкъым, абы езыми, дзэмкIэ и инфраструктурэми заубгъу.

Донбасс щыщ цIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ абыхэм я хуитныгъэхэмрэ нэгъэсауэ къелъытэн, абыхэм къыхаха гъэзгум пщIэ хэущIын, Минск Iэ зыщщIадза зэгурыIуэныгъэхэм къызэрыщIигъэлъэгъуам тету, къэралым и политикэ къызэгъэпэщыкIэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр абыхэм я арэзынигъэ хэлъу къащтэн хуейщ. Аращ Украинэм, Европэм и Евразиемэ щынагъуэншагъэрэ экономикэ зэдзэныгъэхэр къыщыдзэгъэпэщыныкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэм, иджырей лъэхъэнэм къызэгъэ къэралу адэжи зиужьыныкIэ щэсыпIэр.

Гуащхэ, зиусхьэнхэ, экономикэ зэдзэлажьэныгъэмкIэ псоми я зэхуэдэ щIыналъэм сэ иджыпсту ауэ сытми сытепсэлъыхьакъым. Иджы дыдэ къыщIыхьхуу щытащ рынокым и хабзэхэм тет экономикэм ар къызэтезыгъэувыIэн лъэпощхьэпохэр имыIэну, зэщIигъуу къэтщта хабзэ гурыIуэгъуэхэм тету дызэдзэжьыну, сату щхьэхуитым, инвестицэхэм, зэIухауэ Iэхуэкъ зэпеуэным теухуауэ БТО-м игъэува хабзэхэм дытетыну. Ауэ нобэ мардэ хъууэ хуежьащ ООН-м и Уставым къыпэкIухьныр икIи зы лъэныкъуэм и фIэфIыныгъэкIэ адрейм пэрыуныр. Апхуэдэхэр зытелажьэр политикэ мурадхэм я закъуэкым, ахэр хущIокъуу рынокым къащыпеуэжьэ лъэныкъуэ ирагъэзыну.

Экономикэм щхьэзыфIэфIагъэкIэ бгъэдыхьэхэр нэхъыбэ зэрыхъуи и нэгъуэщI зы щапхъэ: мы лъэныкъуэм. Язынныкъуэ къэралхэр экономикэм и лъэныкъуэкIэ щэхуу зэкъуэгъуэ хуежьащ, Апхуэдэ зэгучъэныгъэхэр къызэгъэпэщыным теухуауэ зэрызэпсалъэр езыхэм я къэралхэм щыщ цIыхухэм, бизнесым и лэжьакIуэхэм, жылагъуэм, нэгъуэщI къэралхэм щабзыщI. Мыбдеж апхуэдэ зэгучъэныгъэхэм я зэран зэкIынкIэ хъуну адрей къэралхэми зыри жраIэркъым. Абыхэм я мураду къыщIэкIынщ зэрызэдзлажьэ хабзэхэр къратхыкIыжмэ, ахэр гуп щхьэхуэхэр зэрыгурыIуэныгъэ щыщ цIыхухэм, зыужьыныгъэм и пIэкIэ Урысейм къызэпсалъэныр и пIэкIэ Урысейм къызэпсалъэныр щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iэхуэкъ» 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Унафэ №77-РГ-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокIадэм и 23-м
№ 127-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужьин Ищхъэрэ къуажэм хиубыдэ Нартыхуэхъу уэхьым щыIэ псэущхьэхэм ижь дыдэу хъэщхьэрыIуэ узыр къаззреуалIэрэ махуэ 60 зэрыдэкIам, зыхуэфащэ профилактикэ Iэхуэхэр зэрыщрагъэкIуэкIам къыхэкIыу къару имыIэжу къэлъытэн «Бахъсэн муниципальнэ районым хыхьэ Къулъкъужьин Ищхъэрэ къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iэхуэкъ» 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Унафэ №77-РГ-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокIадэм и 23-м
№ 127-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм Шафийм и цIэр зезыхьэ и узрамым щыIэ щIалIэхэм я щIыналъэм щыIэ псэущхьэхэм ижь дыдэу зыхъэщхьэрыIуэ узыр къаззреуалIэрэ махуэ 60 зэрыдэкIам, зыхуэфащэ профилактикэ Iэхуэхэр зэрыщрагъэкIуэкIам къыхэкIыу къару имыIэжу къэлъытэн «Бахъсэн муниципальнэ районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iэхуэкъ» 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Унафэ №78-РГ-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокIадэм и 23-м
№ 128-РГ

Тэрч районым хыхьэ Новэ Балъкъэр къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iэхуэкъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Тэрч районым хыхьэ Новэ Балъкъэр къуажэм псэущхьэм хьэщхьэрыIуэ уз кьеуэлIауэ haIуэ къызэрыщыхьуам къыхэкIыу, «Ветеринариемэ и IэхуэкIэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям тету икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ВетеринариемкIэ и управленэм и унафэщIым 2015 гъэм фокIадэм и 21-м къигъэхьа тхыгъэ №38/УВ-671-м ипкъ иткIэ, хьэщхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдын мурадкIэ:

1. Тэрч районым хыхьэ Новэ Балъкъэр къуажэм Садовэ, Севернэ узрамхэмрэ къуажэм и къуэкIипIэ гъунапкъэмрэ я къэхъуным къурибыдэ и Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувын, махуэ 60 я пIалъэр.

2. Карантинным и лъэхъэнэм мы Унафэм и пункт 1-м къыщыдалъэгъуа щIыпIэм унагъуэ псэущхьэхэр, абыхэм ахъэмрэ джэдухэмрэ яхэту, кърашыну, апхуэдэу я щIыпIэм унагъуэ псэущхьэхэр щащэну хуит ящIыркъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ВетеринариемкIэ и управленэм хуэгъэувын хьащхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдыным хуэгъэза Iэхуэхэр Тэрч мунициПальнэ районым и щIыналъэ администрацэм щIыгъу эзмилъхьэу игъэзащIэну.

4. Мы Унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокIадэм и 28-м
№131-РГ

Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхьынымкIэ конкурсыр езыгъэкIуэкIыну комиссэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

1. Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхьынымкIэ конкурсыр езыгъэкIуэкIыну комиссэм хэгъэхьэн мы къыкIэпхыкIуэхэр:

Емуз А. С.. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъум и IуэхуэхэмкIэ и управленэм и унафэщIым

Кривко М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законым тетынымрэ хабзэр хъумэныкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэр *(эгзурыIуауэ)*

Марыяш Н. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(эгзурыIуауэ)*

Сарбашевэ С. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным и управленэм и унафэщIыр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокIадэм и 23-м
№126-РГ

● Дыгъуасэ

Хабзэм щагъэгъуазэ

Налшык къалэ прокуратурэм дыгъуасэ щагъэкIуэкIащ щIалэгъуалэр хабзэм емыбгъэуным щыхуащIыр зэIуащIэ. Абы къыбгъэлъагащ Къэбэрдей-Балъкъэр Гуманитар-техникэ колледжым и гъэсэнэхэр.

ЗЭХЬЫХЬЭР къызэзыгъэпэщащи езыгъэкIуэкIари Налшык къалэм и прокурорым и дзэпаркIыгъэу хьэхъыжьэу Созаев ТIэхьирра Къуэщlысокъуэ Эльвирэрэщ. Абыхэм псом япэу къыхагъащIаращи, хабзэхьумэ Iэхуэщ IапIэхэр сыт щыгъуи хьэзырщ ныбжьыщIэхэм ядэIэпыкъуну.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэдрэ урохьэлIэ адэ-анэхэр фадэм зэрыдихьахам къыхэкIыу, я бынхэр гугъу щехь е адэ-анэхэр щымыгъуазэу быныр лъагъуэ мыхъумыщIам щытехьэ. Апхуэдэхэр фэ фольагъури, къыффIэIуэхуу хъыбар зэвгъэщIапхъэм фыпсалъэмэ, фыкIуэмэ, фи ныбжьэгъур Iейм щыфхъумэнщ. ШколакIуэ нэхъыщхьэм нэхъыщIэхэр ягъэшынэурэ я ныбжьэгъуэхэм я щхьэ телефонхэр кьыштрах кьохъу. «Ар дэ ди Iуэхукъым», жыфIэу фыбзыщI хъунукъым. Лэжьапlэм, еджапlэм, фыщыпсэу хьэблэм къыщыхъуа мыхьумышIагъэхэр хабзэхьумэ Iуэхущапlэхэм я деж зэрынэгъэсыным фепIащIэкIын хуейщ. Ар дэтхэнэ зыми ди къалэнщ, - жиIащ КъуэщIысокъуэ Эльвирэ.

- Псом я щхьэ су я къэслъытэр ныбжьэгъур тэмэму къыхэхьын зэрыхуейрщ. «Си ныбжьэгъуэхэм ящIэр сэри сымыщIэмэ, сытыфэ къызапlлън?» - жыфIэ хъунукъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, тутын, фадэефэхэм ящIэр фымыщIэжмэ, фынэхъыкIэу е, фэ фызыщIышынэращи, фысабийуэ аракъым, абы къыкIыр фи щхьэм пщIэ хуэфащIын, фи узынщагъэр фхъумэн зэрыхуейр къызэрыгурыIуарщ. Да ди бжэр фэр папщIэ зэIуахащ, сыт хуэдэ упщIэкIи зыкъытхуэгъазэ, - жиIащ Созаев Тэхьирра.

Юристхэм жэуап иратащ еджакIуэхэм я упщIэхэм.

Апхуэдэ зэIуущIэ щхьэпэхэр нэхъыбэра ирагъэкIуэкIтэмэ, щIалэгъуалэм яIэщIэкI щIэпхъаджагъэхэр нэхъ мащIэ хъунущ къыщIэкIынт.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.

● Профсоюзхэр

«Лэжьыгъэмрэ лэжьапщIэмрэ - аращ псом япэ ди нэIэ зытетыр»

Налшык къалэ щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм (Профсоюзхэм я федерацэм) и ебланэ отчёт-хэхьныгъэ конференц.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ Урысей Федерацэм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и тхьэмадэ **Шмаков Михаил**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Дадэ МуIэад**, Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм КИФШI-мкIэ и федерацэм и секретарь **ЛIыхъужу Фаинэ**, профсоюзхэм я щIыналъэ федерацэхэм я унафэщIхэр - Осетие Ищхьэрэ-Аланием - **Касаев Таймураз**, Щэшэн Республикэм - **Солтагереев Хусайн**, Ингушым - **Мамилов Закрий**, нэгъуэщI къэрал Iэхъущ Iапэхэм я лIыкIуэхэр, студент щIалэгъуалэр, журналистхэр.

КъБР-м и унафэщIхэм я хъуэхъум конференцым хэтахэр щыгъуазэ ищIащ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд. Абы къыщыгъэлъэгъуащ профсоюзхэм тэмэму ядолажьэнырэ республикэм къыпэщыт социально-экономикэ къалэнхэр гъэзащIэныкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу зэрыщыгъуэр. Профсоюз зэщIэхъееныгъэм хэтхэр сытым дежи гудзакъэ яхэлъу, я Iэхъум хуэерыщу я Iэнатlэм пэрытщ. Властымрэ профсоюзхэмрэ зэрызэдзэгъуэгурыкIуэ зэгурыIуэныгъэм къызэрегъэпэщ лэжьапIэ зытхэм, лэжьакIуэхэм, къэралым я зэпыщIэныгъэхэр. Республикэм и унафэщIхэм пщIэшхуэ хуащI профсоюзхэр зэхэщIыкI нэс яхэлъу икIи тэмэму къэрал Iэхъущ Iапэхэм зэрадолажьэм икIи абы щIыкIэ-псэукIэр зэпIэзэрытыныр къызэрызэрегъэпэщым. ФIэхъус хъуэхъум къыщыхэгъэщхьахуащ иджырей зэман мытынышм гуащIэрыпсэухэм я хуитныгъэхэмрэ социальнэ щэсыпIэхэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм зэфIэкIышхуэ къызэрыгъэльагъуэр.

КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Амщокъуэ ФатIимэт** жиIащ зэриплъэк Iапlъэр илъэс ипlэ илъэситхум елытауэ нэхъ гугъуу икIи унэтIныгъэ зыкъомымкIэ къыщыхьыщIыну зэрыщытар. Профсоюзхэм къаклуа гъэзуганазм, нэхъ гупльитэ дяпэкIэ зыхуащIынхэм зэпкърыхуэу ар тепсэлъыхьащ.

- Ди лэжьыгъэр псом япэу зытетщIыхьыр ди щIыналъэм и экономикэм и Iэнатlэ нэхъыщхьэ дыдэхэм зегъэужьын, абы къыдэкIуэу гуащIэрыпсэухэм я лэжьакIэ-псэукIэр нэхъ тынш щIын зэрыхуейращ. Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэмрэ ар социальнэ IэхъуэхэмкIэ зыпыщIа Iэхъущ Iапэхэмрэ зэщIыгъуу кэд зэфIагъэкIащ лэжьапIэ Iэнатlэр зэхуэмыщIыжу къызэтегъэнэным, цIыхухэм я улахуэм зэпымыууэ хэхъуэу екIуэкIыным хуэгъэзауэ.

Профсоюзхэм я федерацэм и екъулIэныгъэхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ социальнэ зэдзэлажьэныгъэр республикэм иужьрей илъэсхэм тэмэму зэрыщыдэтеубар.

Социальнэ зэдзэлажьэныгъэм зэпымыууэ зиужьын папщIэ, Амщокъуэ ФатIимэт къызэрильытэмкIэ, абы нэхъ зыубгъуауэ къыхэшапхъэщ лажьакIуэхэр лэжьапIэ зытхэр. А Iэхъум профсоюзхэр хъарзынэу полъщ Iэнатlэхэм щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэр гъэзэщIа зэрыхъум егугъуу зэрыкIэлъыплъым къыхэкIыу. Амщокъуэм къыхигъащIащ лэжьакIуэхэр профсоюзым къыхэшэныр, а зэгухьэныгъэм зэгъэужьыныр Iэхъу нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр, сыту жыпIэмэ, пэщIэдзэ профсоюз организацэм и зэфIэкIыр зэлъытар абы хэт цIыхухэрщ, ахэр езыхэм я хуитныгъэхэмрэ я сэбэн зыхэлъхэмрэ зэкъуэту зэрыщIэбэныщ.

- Иджыпстукlэ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм хохьэ пщIэдзэ профсоюз организацэ 1809-рэ зэгуэзыIэжьа отраслевой республикэ комитет 15. А Iэнатlэхэм щылажьэ цIыху 121240-м щыщу 119027-р профсоюзхэм хэтщ. Абы къыщынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапIэхэм я еджакIуэ 22330-м щыщу 19671-р профсоюзым хэтщ. Апхуэдэуи профсоюз учётым щытщ мылажьэ пенсионер 538-рэ. Псори зэхэту 2015 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и учётым щытащ профсоюзым хэтхэу 139236-рэ.

КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и нэIэ нэхъ зытригъэтар улахуэм, псом хуэмыдэу мащIэ фIэкIа къэзымыхьэм, я лэжьапщIэм хэгъэхъуэнырщ. Къапщтэмэ, 2014 гъэхэм республикэм ику иту щат лэжьапщIэм процент 74,2-рэ хэхъуащ. 2010 гъэм ар сом 11663-рэ хъууэ щытамэ, 2014 гъэм сом 20322-м нэхъащ. Хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэмрэ я уасэхэм зэрызиIэтым елъытауэ, къэдгъэльэгъуа пIалъэм лэжьапщIэм процент 28-кIэ хэхъуащ.

ЕгъэджакIуэхэм, дохутырхэм, курыт, нэхъыщIэ мединиц лэжьакIуэхэм, апхуэдэуи социальнэ, щэнхабзэ Iэнатlэ Iутхэм я улахуэм хэгъэхъуэныр лIэныкъуищIыр зэрызэгурыIуэм тету йокIуэкI.

Цыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэрызэгъэпэщам и гугъу щищIым, республикэм и профсоюзхэм я унафэщIым къыхигъэщащ Iэнатlэнщэхэр нэхъ мащIэ зэрыхъур. Профсоюзхэм я дежкIэ лэжьакIуэм хуэфащэ улахуэ къыIэрыхьэным, и щхьэмрэ и унагъуэмрэ зыхуей хуигъэзэфын хуэдэу, нэхъапэ щыIэкъым.

Улахуэр экономикэм зэрызиужьым и щыхьэту, цIыхухэм я хэхъуэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр къэлъытэн хуейщ.

Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и тхьэмадэ Шмаков Михаил конференцым къыщыщIэпсалъэм къыхигъэщхьэхуакIащ республикэм и профсоюзхэм я зэIущIэм къыщыдэта Iэхъуэхэр зэрыщытыр къэралым и профсоюз зэщIэхъеенныгъэр зыгъэпейтейхэм зэращыщыр.

- Ди гуапэ мыхъунIэ иIэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэм я зэгурыIуэныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ зэрыльэщыр, - жиIащ абы. - Сэ хуабжьу сигу ирихьащ дэтхэнэми зэфIигъэкIым хуэфэщэн лэжьапщIэ етыным, республикэм и къэрал властым и органэхм ядолажьэным, пенсэ Iэхъуэхэм, апхуэдэу социальнэ щэсыпIэхэм ятеухуауэ нобэ зэхэсар, - жиIащ абы.

Конференцыр къыщыщыхъуам и гугъу щищIым, Шмаков Михаил зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэт и докладым Iупщ Iу щыубзыхуащ дызыхуэкIуэ илъэситхум къяриубыдэу щIыналъэм и профсоюз зэщIэхъеенныгъэр зэрылажьэну щыкIэр. Абы хиубыдэ Iэхъу нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ лэжьапIэ Iэнатlэу къыдэIуаххэм хэгъэхъуэныр икIи а щыкIэм тету республикэм лэжьапIэншагъэр щыгъэмэщIэныр. КъыгуэхыпIэ имыIэу а Iуэхум пыщIащ цIыхухэм яхуэфащэ лэжьапщIэ яIэнри.

Конференцым хэтахэм зэакъылэгъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэм я Iэтащхьэу иджыри илъэситхукIэ лэжьэну хахьжащ Амщокъуэ ФатIимэт. Уставым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм ялъ икIэ, дяпэкIэ республикэм и профсоюзхэм зэреджэр «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм я жиIэуц.

Урысей Федерацэм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм къыбгъэдэкI юбилей щIыхь тхыльхэр республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм, абы и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэт къыхуагъэфэщащ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, къэралым профсоюз зэщIэхъеенныгъэр къызэрыщежьэрэ илъэси 110-рэ, Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэр къызэрызэрагъэпэщэ илъэс 25-рэ мы гъэм ирокъу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

шэт Ирмэ:

Жылагъуэ жэрдэмхэр сэбэп мэхъу цIыхухэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ

Прохладнэ щIыналъэм иджыблагъэ щекIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкIэ министр Шэт Ирмэ зыхэта зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ щIыналъэ сымаджэщым и мылъку-техникэ лъабжьэр зыхуэдэмрэ абы и лэжьэкIэмрэ. НэхъапэкIэ а Iуэхур къыщаIэтауэ щытащ Урысейпсо Цыхубэ фронтым и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм иригъэкIуэкIа «СтIол хъурейм».

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Говоров Сергей**, фIэкIыпIэншэ медицинэ страховани эмкIэ щIыналъэ фондым и Iэтащхьэ **Мишковэ Иринэ**, «Росздравнадзор»-м, «Роспотребнадзор»-м я къудамэхэу КъБР-м щыIэхэм я пашэхэу **Ахъмэт Алим**, **Пагуэ Жыраслъан**, Прохладнэ къалэм, щIыналъэм, абы хьыхь къуажэхэм я щIыпIэ администрацэхэм я унафэщIхэр, жылагъуэм и пIыкIуэхэр.

Шэт Ирмэ къызэхуэсахэм ягу кьиг эькIыжащ 2012 гъэ ГъэндэрэгъэщIыналъэ сымаджэщхэр зыхуей-зыхуэныкъуэкIэ къызэгъэпэщыныр щIыпIэ администрацэхэм я къалэну зэрыщытар.

- 2012 гъэм сымаджэщыр, и мылъкутехникэ лъабжьэр мыхьэнэншэ дыдэ хъуауэ, Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм и балансым хагъэхьэжащ. Илъэс пщIы бжыгъэкIэ абы зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIатэкъым, - жиIащ Шэтым. - 2013 узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэнатlэм и бюджет Iуэхущ Iапэ псорэ фIэкIыпIэншэ медицинэ страховани эм и фондымкIэ зы хабзэм тету мылъкур зэрыхухах щIыкIэм хэжкIуащ. Сымаджэщым и бюджетым и нэхъыбэр (процент 70-м щIигъур) улахуэм хухах, адрей кьанэр хущхьуэм, шхыным, нэгъуэщI зыхуэныкъуэхэм трагуашэ. Прохладнэ щIыналъэ сымаджэщым и илъэс бюджетыр ику иту къапщтэмэ, сом мелуани 100-м щIегъу. Ар мылъку мащIэкъым, ауэ медицинэ Iуэхущ Iапlэм абыкIэ зэхъуэкIыныгъэшхуэкIэ щебгъэкIуэкIырыныкъым. Сымаджэщыр зэрыт щытыкIэ гугъум къыззэритшыным теухуа Iуэхур доубзыху. Хирургиер зэдзащIэ унэр кхъахэ дыдэ хъуащ, абы щыIэкIэ къыщIэгъэIэпхъукIа зэрыхъуным дегупсысащ. Хирургиер - лапароскопие къудамэм, реанимацэр - гинекологиер, терапиер зэдзащIэ унэм ягъэIэпхъуэнухэщ. Дэ унафэ тщIащ гъэлъыпIэхэр дымыгъэмэщIэну икIи щIыналъэ гъунэгъуэхэм щыIэ сымаджэщхэм ятедмыгуэшэну. Абы Iэмал къариты нущ Iуэхущ Iапlэм и Iэщ Iагъэлъ псорэ яхъумэну, мылъкури къыззрыхуауэ Iыпщу щытам хуэдэу къыIэрыхьэну. Гъэльэпlи 180-рэ щIэхуэу хирургие къудамэр зэдзащIэну унэр 2015 - 2016 гъэхэм яухуэным теухуа Iуэхур зэфIэхыным мы зэманым иужь дитщ. УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм лъэIу тхьылъ хуедгъэкIа а Iуэхум папщIэ сом мелуан 585,2-рэ дызэрыкуейр къыщыгъэльэгъуауэ. ФокIадэ мазэм сымаджэщым уз зэрыцIалэхэм щеIэзэ и къудамэр здэщыIэ унэм и щхьэр зэрахъуэкIынущ. Абы текIуэдэну мылъкур къабгъэдэкIынущ КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм, къалэм, щIыналъэм я щIыпIэ администрацэхэм.

Къищынэмыщ Iауэ, 2025 гъэ пщIондэ «Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм зегъэужьын» УФ-м и къэрал программэм къыщыгъэпэгъуа КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ проектым хагъэхьахэм ящыщщ уз зэрыцIалэхэм щеIэзэ корпус, Учебнэ, Заречнэ къуажэхэм амбулаторэ щыхуэнырщ, апхуэдэу Благовещенскэ, Красносельское жылэхэм я амбулаторэхэр зэгъэпэщыжынырщ.

Мишковэ Иринэ къыхигъэщащ сымаджэщым къыхуаутIыпщ ахъшэр тэмэму зэрытрамыгуашэр, абы и мылъкум кIэлъыплъа зэрымыхъур.

- Къэпщытэныгъэхэм къаГъэлъэгъуащ сымаджэр зыхуэмыныкъуэ хущхъуэ зыбжанэ зэрыхуатхар, зэрелэзэн хуейуэ ягъэува мардэм зэрытемытыр, - жиIащ абы.

Апхуэдэу фIэкIыпIэншэ медицинэ страховани эмкIэ щIыналъэ фондым и унафэщIым къыхигъэщащ щIыналъэ сымаджэщхэм ящыщ зым, ар куэдкIэ нэхъ пасэу яухуами, Iуэхущ Iапlэм и мылъку-техникэ лъабжьэр зэрахъуэмэфар икIи псорэ кьабзэу зэрыщагъэтыр. КьаХъ улахуэр зэрымащIэм теухуауэ яIэта упщIэм пэджжэу ар щIэупщIащ:

- Бэджыхъыр плъэщIын щхьэкIи ахъшэ ухуей?

Прохладнэ щIыналъэ сымаджэщым и дохутырхэм мы илъэсым и мазиблар къызэщIэпкъуэжмэ, ику иту кьахьащ сом 28892,8-рэ, курыт медицинэ лэжьакIуэм - 16933,8-рэ, нэхъыщIэм - 9265,4-рэ. Зэбгъапщэ хъунукъым сыхьэти 9-м щегъэжьауэ 12-м нэсыху лажьэ терапевтымрэ нэхъ Iэнатlэ хьэлъэу ялытэм пэрыт реаниматологымрэ я улахуэр. УнафэщIымрэ къызэрыгуэкI лэжьакIуэхэмрэ я улахуэр зэрызэщхьщыкI щыIэкъым. Мы Iуэхущ Iапlэм ику иту щат улахуэр УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэхэм къыщыгъэльэгъуа «гъэугу картэм» къззгъэ. А бжьгъэхэм сытым дежи кIэлъоплъ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ ЛэжьыгъэмкIэ Iэнатlэм зегъэужьын программэмкIэ Iэнатlэхэм я щIыпIэ щыIэ къызэгъэпэщыныр. КъыгъэльэгъуащI жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм яIэнатlэ унафэ къыщыкIаxэр къащащI.

Министрым и къуэдзэ Залиханов Ханшуфый къыщыпсалъэм къыхигъэщащ «дызэрызэдэлажьэр хабзэхъумэхэм я щIэр фIыкIэ жаIэнри, ди Iуэхущ Iапlэмкlэ къытхуэзэрэзыным хэущхьэпэну дыщогугъ», жиIэри.

Псори къызэщIакъуэкри, зэIущIэм хэтахэм КъБР-м и МВД-м и Жылагъуэ советым и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа унафэ пыухыкIаxэр къащащI.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэу
КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

ЕплIанэ мазищым къапэщытыр

КъБР-м щыIэ МВД-м и Жылагъуэ советым и зэIущIэ екIуэкIащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру республикэм щыIэм и къуэдзэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Залиханов Къанщобий.

«ЗЫГЪЭПСЭХУГЪУЭХЭР Жылагъуэ советым щыIэгъуу» урысейпсо Iуэхугъуэм хыхьэу Жылагъуэ советым хэтхэм яхуэзэфIэкIам тепсэлъыхьащ абы и тхьэмадэ **Балъкъыз Валерэ**. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм хиубыдэу ираГъэкIуэкIам и гугъу щищIым щхьэхуэзу къыхетеувыIащ. Шыбзыхъуэ Суфадин зи унафэщI «Уи унэм - мамырыгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм республикэм узыншагъэр щрагъэфIакIуэу иIэ лагерхэм зыщызыгъапсэхухэм драгъэкIуэкIа лэжьыгъэм, ди школхэр терроризм зыщыхьхъумар, гъэеджэгъуэщIэм зэрыхуэхьэзырыр къэзыпщытахэм (уэрэджыIакIуэ Текуев Амур я пашэу) ящIам яIэ мыхьэнэм.

Советым хэт дин лэжьакIуэхэу Дзасэжь Хьэзрэталий, Бобылев Валентин, Шабаев Леви сымэ жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ фIыщIэ хуащIу псалъэ гуапэхэр жраIащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и Жылагъуэ советым 2015 гъэм и еплIанэ мазищым къыпэщыт къалэнхэм щытепсэлъыхьым, Балъкъыз Валерэ нэхъыщхьэу къыхигъэщащ къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ Iэнатlэхэр жылагъуэм и нэIэм щIэтыным хьэзэгъэпэщыныр. КъыгъэльэгъуащI жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядолажьэныр щIыпIэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу зэрыщытыр.

Министрым и къуэдзэ Залиханов Ханшуфый къыщыпсалъэм къыхигъэщащ «дызэрызэдэлажьэр хабзэхъумэхэм я щIэр фIыкIэ жаIэнри, ди Iуэхущ Iапlэмкlэ къытхуэзэрэзыным хэущхьэпэну дыщогугъ», жиIэри.

Псори къызэщIакъуэкри, зэIущIэм хэтахэм КъБР-м и МВД-м и Жылагъуэ советым и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа унафэ пыухыкIаxэр къащащI.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэу
КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Налшык

Жыг хадэр къощIэрэщIэж

ЩхъуантIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщагъэкI Iуэхущ Iапlэм и ботаникэ жыг хадэр къагъэщIэрэщIэж. Илъэси 10-кIэ гулъытэншэу щыта щыпIэм и утыкур мазэ-мазитI пIалъэм фIэмыкIыу къызэIуахьжьнущ, ди щIыналъэм зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм хуиту зышагъэпэсэхун хуэдэу.

ЖЫГ ХАДЭМ и унафэщI Шаваев Ильяс щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, а щIыпIэм щызэтрихьа пхъэнкIийкэмрэ кIэрыпсубжьэрыуухэмрэ Iуащащ, Iуэхущ Iапlэм и лэжьакIуэхэрэ мыбдежым къадэIэпыкъуну гупльж зыща къалэдэсхэри хэту зыбжанэрэ щэбэт щыкIыну ираГъэкIуэкIащ. «Дэ езым жылапхъэ хэплъыхьахэм я гъэтIылъыгъэшхэу тхъумауэ диIэщ. Абыхэмкlэ дадэгугъэшэфынущ икIи дехьуэжьафынущ УФ-м дэ тхъудэ и Iэнатlэ куэдым. КъыхэгъэщIапхъэщ щIэныгъэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ хъарзынэхэр щебгъэкIуэкIын лъабжьи дызэриIэр», - жиIэ абы.

Къапщтэмэ, дызэрыгушхуэ ди псей щхьэнтIэхэр дгъэбэгъуэжьыну Iэмал диIэщ, уеблэмэ абыхэмкlэ нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщытхуэжьафынущ дызыхуей къэкIыгъэхэр. Мы махуэхэм роззу мин 30 къетшэпIащ. Псом ящхьэраци, хадэр цIыху кIуэпIэ хъужьным дытелэжьэнущ. АбыкIэ къэралри республикэри къыздэIэпыкъуну дащогугъ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Коррупцэм пэщIэтхэр

УФ-м Социальнэ страховани эмкlэ и фондым и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм коррупцэм пэщIэтыныкIэ лэжьыгъэ пыухыкIаxэр иригъэкIуэкI.

КОРРУПЦЭР щымыгъэIэнымкIэ, абы ухуэзыщэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъуным-кIэ щIыналъэ къудамэм щолажьэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефон. Республикэм и цIыхухэр коррупцэ Iуэхуэхмкlэ ухыбар ираГъащIэу жэщ-махуэ ямыIэу псалъэ хъунущ мы телефонымкIэ: **8 (8662) 76-02-40**.

Тхыгъэхэр евгъэхъ хъунущ мы хэщIапIэм: **360051, КъБР, Налшык къ., Армандэ Инессэ и уэрам, унэ 5**.

Интернет Iэмалыр къэбгъэсэбэпэри хъыбар евгъащIэ хъунущ. Тхыгъэхэр электрон жыпхъэм иту евгъэхъ мы хэщIапIэм: **info@ro7.fss.ru**. Апхуэдэу щIыналъэ къудамэм и сайтым «Обращение граждан» и Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа хэщIапIэмкIи евгъэхьыфынущ: **http://r07.fss.ru/136959/136960.shtml**.

Тхыгъэм Iэмал имыIэу къыщывгъэлъэгъуэн хуейщ зи гугъу фщIы Iуэхур, ар езыгъэхьым и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр, абы зэрызыпыщIэну щыкIэр. Хабзэм къызэригъэувыикIэ, тхыгъэр езыгъэхьым теуха хъыбарыр иримыкъуэм, жуаП зэрыхуарагъэхьэжьыну хэщIапIэр хъимыгъэлъэгъуамэ, абы хэплъэнукъым.

Хъыбар къаIэрыхьаxэм хоплъэ «Урысей Федерацэм и цIыхухэм зэрызыхуагъаз щыкIэм теухуауэ» федеральнэ законым ипкъ иткIэ.

ФIыщIэ фхудощI жыджэру фыкъызэрыддэлажьэмкIэ.

УФ-м Социальнэ страховани эмкlэ и фондым и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «Абхъаз зауэм и ветеранхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Мэкъуауэ Анзор кьеджащ Абхъаз Республикэм и Президент Хаджимбэ Раул Кавказ Ищхьэрэм щыщу а зауэм хэтахэм зэрызахуигъаз тхыгъэм. ЦIыху 2000-м щIегъу ди къуэшхэм я тельхьэу зэуакъэм я бжыгъэр, 51-м Абхъазым и ЛIыхъужь къыфIащащ.

Зыхуагъэфэщахэм иджыри къэс яIэрымыхьажа дамыгъэ 30-м, орденитхурэ «Хахуагъэм папщIэ» медалу 25-рэ ятыжащ. Апхуэдэу куржы-абхъаз зауэр зэриухрэ илъэс 20 зэрырикъум папщIэ ягъэхьэзыра медалхэр ираташ КъБР-м щыщу а зауэм хэтахэм.

Ар зыхуагъэфэщаxэм ящыщщ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Црым Руслан, журналист ГъуКIэмыхъу Ибрэхьим, КъБР-м щыIэ зиIэ и артист, журналист Iусейн Олег сымэ.

ГЪУЭТ Синэ.
Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

Зыри ящыгъупщэркъым

● Щыхь

Къалэн нэхъыщхьэ

● Щiалэгъуалэ правительствэ

Мэкъауэгъуэ мазэм КъБР-м и Щiалэгъуалэ правительствэр щiэрыщiэу хахащ. Абы и унафэщi хъуар КъБКъМУ-м и лэжьакIуэ Бэрбэч Джэрихьанщ.

***Илъэс 27-м ит щiалэщiэм екъулiэныгъэ и куэдщ, абы и зэфiэкIыр зэпеуэ зэмылiэужьыгъуэхэм щигъэнэIуащ. «Суперстудент» зэхьэзэхуэм, «Мэшыкъуэ-2011» щiалэгъуалэ зэхыхьэм хэтахэм ар къаззэрыхэщам къищынэмыщiауэ, щыпткIуащ. 2008 гъэм щегъэжьауэ «Къуажэдэс щiалэгъуалэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм» и Къэбэрдей-Балъкъэр хэгъуэгу къудамэм и унафэщIщ. 2009 гъэм КъБКъМА-р, Щiалэгъуалэ хьэрычэтыщIэ школыр екъулiэныгъэкIэ къиуващ. 2012 гъэм щегъэжьауэ езым къиуха университетым къыщiагъэкIхэр Iэнатiэ пэрыгъэувэнымкIэ къудамэм и унафэщIу мэлажьэ.*

КъБР-м и Щiалэгъуалэ правительствэм и унафэщI Iэнатiэр зыхуагъэфэщам и мурадхэм зыщыдгъэгъуэзэну зыхуэздгъэзащ.

- Щiалэгъуалэ правительствэм хэтынухэр къыщыхахым ирагъэкIуэкIа зэпеуэм къыщыбгъэлъэгъуа лэжьыгъэм утезгъэпсэлъэхьынут.

- Щiалэгъуалэ правительствэм зыгъэзэжьауэ 80-м я лэжьыгъэхэр къагъэлъагъуат. Ахэр нэхъыбэу зытеухуар ди республикэм ис щiалэгъуалэм я щыIэкIепсэукIэр егъэфIэкIуэнымрэ я Iуэху дзгъэкIыныморэ. Зи лэжьыгъэ нэхъ ягу ирихьа цIыху 40-м къыхахьэщ щiалэгъуалэ министрэр. Ныбжьыщiэхэр псори мылъку кьегъэщIыным пымыщIа щiалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм дыхэтщ, абы Iуэху щыдощIэ. ЦIыхьэ игъэхьэзыра лэжьыгъэр езыр зыхэт зэгухьэныгъэм теухуащ. Сэ «Къуажэдэс щiалэгъуалэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм» къуажэ щiалэгъуалэмкIэ и хэгъуэгу къудамэм сриунафэщIщ.

Ди республикэм и хэхъуэр мэкъумэш Iэнатiэм нэхъ епхаущ щыту, къуажэдэс щiалэгъуалэм гулыIэт нэхъыбэ яхуэщIыпхъэу къызэIуатэ, си лэжьыгъэм зыбгъэлъатэ, зэхъуэкIуари арат. Къуажэдэсым нэхърэ кьалэдэс сабийм зиужьыну, и зэманым и зэфiэкIыр игъэнэIуэну Iэмал нэхъыбэ иIэщ, абы кьыхэкIыу зэфiэкI хэха зыбгъэдэлъ ныбжьыщiэхэр къыхэзгъэщхьэхукIыным, спортым, щэнхабзэм дегъэхьэзыным ехьэлIа проект гъэщIэгъуэнхэр кьыхэтлъхьат. «Сэ Iэщiагъэр кьыхьэох» зыфiэтща Iуэхум кьедгъэуфыдыр араща, кьуажэхэм дахудогъаз, кьэкIуэну зэманым кьыщыкъэбэпыну Iэщiагъэхэм текуауэу допсалъэ.

ЗэрыгущIыну, уеджв кьудейкIэ Iуэхур зэфiэкIыркъым, щхьэжьам уимыпIыжмэ, уи илъэс бжыгъэр пщIэнэщу бгъэкIуауэ аращ. Ди зэманым IэщiагъэхэмкIэ курыт щIэныгъэ уиIэныр фIыщ, апхуэдэ Iэщiагъэлiхэм дахуэныкъуэщи. Ар кьагурыдгъэIуэну яужь дитщ, кьыдэкъулiи хуэдэщ. Ар я фIыгъэщ «Къуажэдэс щiалэгъуалэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм» КъБКъМУ-м и мэкъумэш факультетхэмрэ.

КъыкIэлъыкIуэу, щiалэгъуалэм я акъылым зезыгъэужь джэгукIэ - «Фермер ныбжьыщIэ» зыфIэтщар - кьыхэтпхьауэ щытащ. НыбжьыщIэхэм мэкъумэш Iэнатiэм ехьэлIа бизнес-проект ягъэхьэзырри, абы хэм я зэпеуэ ди мэкъумэш университетым щокIуэкI. Комиссэм нэхъыфIу кьилъыта лэжьыгъитI-щы кьыхехри, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм ирегъэхь. Абы лэжьыгъэхэм иджыри зэ щахоплъэжри, зы проект кьыхах. Зи проектыр нэхъыфIу кьалъыта ныбжьыщIэр Москва яшэри, кьыхилъха Iуэхум нэхъ пыухыкIауэ трагъэпсэлъауэ, саугъэт кьрат. Зи проект кьыхагъэщхьэхукIахэм «Фермер ныбжьыщIэ» федеральнэ программэм хэтыну допсалъэ. Университетыр кьэзыгъэ ныбжьыщIэм езым и мэкъумэш Iэнатiэм зэрызригъэужьыну мылъку, сом мелуанрэ ныкъуэрэ, иIэу и Iуэху яужь ихьэну Iэмал иг еГъуэт. Абы кьищынэмыщIауэ, «Си лъахэ цIыкIу» проект диIэщ. Абы еджакIуэхэм я кьуажэм дэс лэжьакIуэшхуэхэм, Хэку зауэшхуэм хэтахэм щытотхыхь. Дэ абыхэм дахоплъэри, республикэм щыIэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм идогъэхь. Нэхъ гъэщIэгъуэну кьащыхъуа лэжьыгъэхэр зейхэр ди кьэралым и кьалащхьэм ирагъэблагъэ, саугъэт лъапIэхэр кьрат, кьалэм зыщрагъэпIыхьэ, я нэгу зрагъэужь. НыбжьыщIэр гъэгушхуэнымкIэ ар лъэбакъуэфIу кьызэолIыат.

КъищынэмыщIауэ, дэ илъэс сУЗ-хэм я деж спартакиадэ щыдогъэкIуэкI. Мини-футбол, волейбол, кIапсэзэпекъу, стIолыщхьэ теннис, нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэхэмкIи щiалэгъуалэр зэпыдогъауэ. Зи гугъу сщIа лэжьыгъэр илъэс кьэс идогъэкIуэкI, абыхэм кьахэдгъахьауэ фIэкIа, хэщIкъым.

- Щiалэгъуалэ правительствэр кьыззрыззэрагъэпэщрэ илэжьынымрэ зрикIуэну лъагъуэмрэ иубзыхуауэ пIэрэ?

- Ди Щiалэгъуалэ правительствэм и къалэн нэхъыщхьэр щiалэгъуалэ политикэм КъБР-м зыщегъэужьыным кIэ республикэм и Iэтащхьэм дэIэпыкъуэныгъ, къэрал кIуныкъу зыIыгъэкIи ядэлэжьэныгъ, щiалэгъуалэм трауху Iуэхухэр гъэзэщIэнырщ. Дэ тхузэфIэкI кьэдгъэнэнкъым ди пщэ кьыдалъхьа кьалэныр дгъэзэщIэнымкIэ. Iуэхухэр мы мазэм дубзыхуну ди мурадщ.

Нэхъ ину, щiалэгъуалэ кьуэд, кьызэщIибубдзэу проектитI диIэщ, ауэ ахэр зэкIэ доущэху. Лэжьэн щIэддзэмэ, флъагъункъэ.

- Щiалэгъуалэ правительствэр хэт и нэIэ щIэт, хэт фызэчэнджэщыну фIIэр?

- КъБР-м и Iэтащхьэм и Аппаратым дыдолажьэ, апхуэдэуи Правительствэм и УнафэщIым, министрхэм я нэIэ кьыттрагъэтщ. Ди кьалэн пэрытхэм ящыщщ кьэрал Iэнатiэ зыIыгъхэмрэ щiалэгъуалэмрэ зэпытщIэну, ухуейрамэ, я дэлэну дыкъуэныну. Щiалэгъуалэр зыгъэгъазэр, ягу кьеуэр, зыIыщIэ лъэпощхьэпохэр республикэм и кьулыкъу щIэхэм я деж нэдгъэсыныр, зэгъуэгу хэкIыпIэ дыпIыхьуэныр - аращ ди кьалэныр.

Щiалэгъуалэр кьыдэпхьахьын, зэщIэбгъэуIуэн, республикэм щекIуэкIым и хьыбар ягъэщIэн хуейщ. Ди министрествэхэм щiалэгъуалэм яхуэгъэзэа программэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэзащIэ, а псом хамыщIыкIыу кьаназр куэдщ, аращ ар щIыжьыслъэр.

- Уэ уэзрелъыкIэ, иджырей щiалэгъуалэр сыт нэхъ зыгъэгъазавэр?

- Лэжьыгъэ Iэнатiэ зэрамыгъуэтырщ. ЗэрыжаIэхэщи, юрист, экономист къудыIуэ диIэщ. Яхуримыкъуэ IэщiагъэмкIэ щIэныгъэ курыт зиIэхэрщ. Хадэ зыгъэкI, Iэщ зыгъэхъу, трактором тес лэжьакIуэхэм куэд кьалэжь. Ахэри яхуэзэрымыгъэгъуэту апхуэдэщ. А Iэщiагъэхэр зиIэхэрщ ди республикэм иджыпсту лэжьыгъэкIэ кьыщыззгъэпэщар.

- Ди республикэм ис щiалэгъуалэм сыт хуэдэ псалъэкIэ захуэбгъэзэнт?

- Сэ и щхьэ течауэ жысIэну сыхуейт щiалэгъуалэ жыджэр, жэрдэмщIакIуэ, губзыгъэ, гъэса дыззриIэр. Ди къэралым и щiалныпъэ куэдым сыщыIащи, ззэгъащIэу жысIэфынущ ди щiалэгъуалэр зэрымыщхьэхынэр, гугъуехым зэрыщымышынэр. Зыгуэрым хущIэкъумэ, гува-щIэхами, ар кьехъуIэнущ. Сыхуейщ ди щiалэгъуалэм льагаплIэщIэ куэд кьагъэIурыщIэну, дыщIэгушхуэн щIыхушхуэкIэ кьахэкIыну. Дэри а Iуэхум тхузэфIэкI хэтлъхьэнщ.

Епсэльар

ЩОМАХУЭ Залинэщ.

Щiалэгъуэ

Истамбыл щоджэ

ЦIыхум и гъащIэр езым и Iэмыщ1э зэриныжыр хьэкъщ. 2014 гъэм и фокIадэ мазэм щегъэжьауэ Хъущт унэцIэр Тырку щыIэ Istanbul Sehir University еджапIэ нэхъыщхьэм щIэсхэм зэрахэтыр абы и щыхьэтщ. Хъущт Саид гугъуехым игъэшынэу зи мурадыр IэпIэдэгъэлэл зыщIэтр зыщыщкъым.

АБЫ нэхъ гугъумкIэ кьыщIидзащ. Европей мардэм тету экономикэ щIэныгъэ ззэзыгъэгъэтыну щIэхъуэпсэ щiалэр, дунейпсо сатумрэ менеджментымкIэ факультетым щIэтIысхьащ. Ар тегущыIуэри, инджылызыбзэ защIэкIэ и экзаменхэр итащ. ИкIи пэлъэщащ. ГъэщIэгъуэнракъэ, Сочэ и гъунэгъу ШахэкIеишхуэм кьыдэкIа ныбжьыщIэр Тыркум дэт университетхэм ящыщ зым пщIэншэу щеджэну щIэтIысхьэфащ. Ар куэдым яхуэзфIэкIыркъым.

Езы Саид гъащIэм щигъэнэхъыщхьэхэм ящыщщ пасэу гу зыхуища щIэныгъэр. Мурад ищIам и Iэр тригъэхуэфу, абы папщIэ щхьэх имыщIэу зэрыщIыгъ кьуажэ школым и фIыгъэу жеIэ щiалэщIэм. Абы иужь ар Лазаревскэм дэт лицей №95-м щIэтIысхьащ. Диплом плъыжькIэ кьиухри, Истамбыл кIуащ.

- Мы университетым инджылызыбзэмрэ тыркубзэмрэ щыхэбгъэщIэну Iэмал зэрыщыIэм сыщыгуфIыкIащ. - кьыддогуашэ Саид. - Псом япэрауэ, ЕГЭ-мкIэ балл щхьэхэр кьэпхьын хуейт, мы университетым ущIэтIысхьэн папщIэ, инджылызыбзэри фIыуэ пщIапхъэщ, узэреджэр а бзэращи. УщыщIэтIысхьэкIэ инджылызыбзэмкIэ пта дунейпсо экзаменым (IELTS) иоплъ. Сэ ар ди къэралым щыстыну сызэрыхуэнэмысым кьыхэкIыу, езы университетым щызагъэтыжат.

- А экзаменыр екъуIэныгъэ сиIэу стати, инджылызыбзэр щызззгъэщIэн хуей илъэсыр схуIэрагъэхури, сызэреджэну пIалъэр илъэсиплI хуащ. Хуабжьу сигу ирохь мы университетым сыщеджэну, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, къэрал 40-м нэблагъэм къикIа ныбжьыщIэхэм саIущIэну, сепсэльэну Iэмал сиIэщ. ГъэщIэгъуэнщ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм къикIахэм я хэкум теухуауэ жаIэхэр зэхэпхыну. Сэри ди къэралым, Сочэ теухуауэ куэд яжьзоIэ.

Дэ Великобританиемрэ, Австралиемрэ, США-м къикIа егъэджакIуэ бэлыхьхэм европей инджылызыбзэ тхылъхэмкIэ драгъаджэри, а псори сфIэгъэщIэгъэнщ.

Куэд щIауэ зыщIэхъуэпсыр зыIэрызыгъэхьа ныбжьыщIэм иджы езым и щхьэкIэ игъэунэхуащ цIыхум и насыпыр и Iэмыщ1э зэрилъыжьыр, цхуеймэ, пхузэфIэмыкIын зэрыщымыIэр. Псом нэхъыщхьэр уи мурадым губзыгъэу, утемызашэу утелэжьэнырщ.

НЫБЭ Анзор.
Шапсыгъ, Шахэклей къуажэ

● Iуэху еплъыкIэ

Осташкэ Андрей и «Святогорье хуэкIуэ гъэзгуанэ» тхылъым дызригъэзгупсысахэр

«Адыгэ псалъэм» мызэ-мытIэу газетджэхэм я пащхьэ къриящащ украин лъахэхутэ Осташкэ Андрей. Донбасс и Iэгъуэблагъэм, Северодонецк къашэм къыщалъхуа щiалэм лъэпкъкIэ къэзакъ-шэрджэсу зыкъегъэлъагъуэ. И къежьапIэр къигъуэтыжьныр и плъапIэ нэхъыщхьэу гъуэгу теува щiалэм адыгэхэр зыщымыгъуазэ тхыдэ напэкIуэцIкIэ къахуэзIуихьжауэ къыщIокI, уи фIэщ хъу-мыхъуми, гулъытэншэу кьыпхуэмыгъанэу.

СЫТ ХУЭДЭ зэмани цIыхубз гъащIэм хэтщ я хъреяягъкIэ щалъагъу псоми гупсысэ кьызззрымыкIуэ хуэзыхуэмэ набдзэгубдзаплъэжар. Апхуэдэжи я кьару зэрыщыдыдыхь, кьадэпсэухэм зыгуэрурэ зыдрагъэкIыми, гува-щIэхами кьызэрыгужI гъащIэ зэшыгъуэм арэзы кьимыщIыж мэхъури, кьызыхуигъэщIа дыдэр сэтей кьафIохьу. Апхуэдэ цIыху лIэужьыгъуэщ ди нэгу кьыщIыхьар, «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым Осташкэ Андрей илъэситI ипэкIэ кьыщытхуелбэгъаным. Зи блэкIар щыуагъэншэу утыку кьрахьэу емыса адыгэгум едэхащIэу, ар Севастополь телевиденэм кьызыпсэльауэ щытащ, ди лъэпкъым и блэкIар украин цIыхубзэм я пащхьэ ирилъхьэу.

«Святогорье хуэкIуэ гъэзгуанэ» - араща Андрей иджы кьыдигъэкIа и тхылъым фIищар. «Святогорье» фIэщыгъэр зэрехьэ украин щIыналъэм ит чыристан тхьэелъэIупIэм, и мыхьэнэкIэ кьикIыр «Бгы лъапIэщ». Езыр кьызытехьэкIа кьуэпсхэр кьилъыхъуэжкIэрэ, Андрей щIыхуэсми, жыг-хэми, мывэхэми, Iуащхьэхэми, псыхэми и дуней еплъыкIэ жаныр ятреубыдэ. Ныхьэ зыбжанэу зэхэтщ Осташкэ и тхылъыр. Ябыныкъуэ тхыгъэхэр блэкIа жыжьэм, псом хуэмыдэу езым и хэку Кьрым хьтIыгуныкъуэм теухуащ. Пасэ зэманым а щIыпIэм зэрихьэу щыта Таврикэ, Тавридэ цIэр кьызэрихьэсэбэпымкIэ Андрей кьыуеГащIэ кьащIалъхуа щIынапIэм абы пщIэшхуэ зэрыхуищIыр, абы и мыхьэнэ пIагэр, Кьрымыр тхыдэм кьызэрыпхыкIа гъуэгуанэ гъэщIэгъуэншэм гу лъыуигъэтэныр зэриплъапIэр. Щiалэм и псэм и уафэм Кьрымыр дыгГэу хэтщ, адрей вагъуэхэм я бзийхэр нэхъ инми, езым и гур кьэзыгъэнэхум ахэр зэрыпемыуэфынум шэч кьытримыхьэу. Кьрымым и тхыдэм Андрей ирепх Урысейми, Кавказми, Урымми я тхыдэ жьыжьэр.

Осташкэ и тхылъым ихуа тхыгъэхэр лIэужьыгъуищ мэхъу. Зы гупыр - пасэрей лъэпкъыжьхэм, псалъэм папщIэ, хьэтхэмрэ хеттхэмрэ я тIуэхуащ. Адрейхэр - а лъэпкъыжьхэм кьатепщыкIыжа «лъэпкъыщIэхэм». Иужьрейхэм адыгэхэр дарегъэубыдэ. Ещанэ гъыгъэ лIэужьыгъэр - гъэгурыкIуэ гупсысэ зэхэухуэнахэрщ. АрщхьэкIэ и лъэ щеувэж щыпIэхэм ятепсэльыхь щхьэкIэ, Осташкэ и тхылъым лъахэхутэ щIэныгъэуи тхыдэ лэжьыгъэуи фэ теткъым, езыри щIэныгъэлIу зэрыщымытыр и гупсысэкIэми и Iуэху еплъыкIэми кьыхуод. Абы и тхылъыр щызэтебдзкIэ уи нэгу кьыщIыхьэр дунейр зэрыззэхэлъымрэ абы езым щиубыд увыпIэмэ зыфIэгъэщIагъуэн щIыхуц: «Пасэрей хьыбарыжьхэми Iуэрыуатэми Бгы лъапIэр кьызэрыхэщIыр Щэхур Зыхъумэ Iуащхьэхэм я Хэку ГъэльэпIащ. Дунеишхуэм лъэпкъыу тетымрэ ахэр щыпсэу щIы хъурейм и Iыхьэхэмрэ еЛъытауэ, хэку къэс езым и Бгы лъапIэ иIэжщ, абы удэкIуейрэ ипсхэмрэ и мэзхэмрэ уи лъэр яльэбгъэIэсмэ, Тхъэм и кьарур кьыпхилъхьэу, и Щiэныгъэ кум улъигъэIэсу. Бгы лъапIэм дэкIуеину зыр и натIэм итым ирехулIэ, адрейм а зекIуэм гукъыдэж кьабзэкIэ тохьэри, и лIыпъапIэм, и мурадхэм, гурэ псэкIэ зыхуеIэм елъытауэ, и ГъащIэм зрегъэхьуэж, зэрыщытам хуэдэу зыри кьэнэжыркъым».

Андрей и тхылъыр щIэщыгъуэ зыщIыр адыгэм и блэкIар хамэ лъэпкъ щапIа щiалэм и кьуэхьым зэрыхуэвэ щIыкIэрщ. Апхуэдэ щапхъэхэм языхэзащ абы Кавказыр алыдж Iуэрыуатэм кьыхэщ «атлантхэм» я хэкуу зэриплъытэр, ар нарт эпосым ирилхьу. А тхыдэ кьэупсыр лъегъэIэсэж хьэтхэм я тхыдэжьым.

Дзыхь нэхъ зыхуэпщI Iыхьэу Осташкэ и тхылъым хэуващ нэхъ зыщыгъуазэу фа зытет Кьрым хьтIыгуныкъуэм теухуа тхыгъэхэр. Пасэрей урымхэм я деж щыщIедзэри, Андрей ди нобэм кьехьэс кьрым адыгэзмэрэ мысыр мамлюк сультIанхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр. Ауэ гу лъытэгъуафэщ щiалэр чыристан дин уэчыIу зэрыщытым, дэнэ щыпIэ кIуэми, абы и фIэщхьуныгъэм щыхьэт хуэхъун щапхъэхэм гу яльэтэ, адыгэхэм я диным теухуауэ итхыр «жаIэ хабзэ» защIэщ, хуэбгъэфащэ зэрыхьунымкIэ, Iуэхум куэд хэзымыщIыкI «лъэпкъкIэ мусульманымэм» кьыхуагъэхъыбарауэ. Апхуэдэ зы щапхъэщ «Тхъэ» - «Алыхь» псалъэхэр зэпэщIэгъуэвэнри, ислъамыр адыгэ хабзэм пощIэгъэкъуэнри. Дигу фIы ищIыну щыхэтым и деж, тхакIуэр гухэхъуэу доIэбей: псалъэм папщIэ, «Чэбэ» псалъэр «кьэIэбэ» мыхьэнэм ирепх, урыс тхыкIэр и тегъэщапIэу. Хьэтыбзэм дунейпсо тхыдэм и тхьэелъэIупIэ лъапIэхэм я фIэщыгъэхэр кьыщыбгъуэтыныр хьэзэгъэщIэн, уи мурадым уплъэкIыу, е хьэтыбзэ, е адыгэбзэ пщIэн хуейуэ кьыщIэкIынщ. Мухьэммэд щIыхуэ лъапIэр кьызыхэкIа кьурейшхэр хьэтхэм я деж кьыщежьэуи япэу Осташкэ Андрей и тхылъырщ дыщызрихьэлIар. А щIыкIэ дыдэм тету щiалэм «кьыбгурегъаIуэ» «кьэзакъ» псалъэм «кьуэ-закъуэ» кьызэрикIри. Хуэм-хуэмурэ Андрей и гупсысэр Котляров Виктор и Iыхьэхэтэ лэжьыгъэхэмрэ урысыбзэкIэ Интернетым «кьыпIуридзэ» кавказ хьыбархэмрэ яхьшипсыжьыж. Мис, псалъэм папщIэ, Андрей «Адыгэй къуршхэм яхьымэ налкъутхэр» Iыхьэм щитхыр: «Лъагъуэр хуэмхуэмурэ бгым нэхъ кууэ хэкIуасэрт. ИпэкIэ уплъэмэ, Хьэджэхъу - Каменномост кьуажэр уольагъу. Абдежт Кавказ зауэм и зэманым Дагъыстэным щыщ Мухьэмэд-Iэмин иужьрейуэ зыщIигъэбыдауэ щытар. А зэманым псыежэхым телъа мывэ лъэмыжьр якъутэжакIэщ. Ауэ ар уи жагъуэ щIыхъун щыIэкъым, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, куэд умыкIуу 1877 гъэм Фарэз псыежэхым и Iуфэм, Фызябгэ Iащщхьэ лъапэм щауха Псыжьадрыщ щыIэ Михайловскэ-Афонскэ цIыхухъу тхьэелъэIупIэм уекIуэлIэфынущ».

Нэхъ гъэщIагъуэныжщ урысыбзэкIэ зэрадзэкIа Геродот и лэжьыгъэм «фIыцIэ» псалъэр кьызэрыхэщыр и тегъэщIалIэу, Андрей дунейпсо тхыдэм цIыху хужьым и кьежьапIэу илъытэ Кавказым негрхэр исауэ кьызэригъэлъагъуэр, и псалъэм и щыхьэтэ XIX лIэщIыгъуэм граха сурэт - адыгэ цей зыщыгъ щiалэ фIыцIэ - кьихьу. «Уеблэмэ нарт эпосым ящыхьхуэ «лIыхъужь нэкIу фIыцIэхэр», - кьехь тхакIуэм иджыри зы «щыхьэт». ЦIыхуэгъэкIэ фIыцIэхэри хужьхэри ди зэхуэдэщ, ауэ пэжымрэ пцIымрэ ди зэхуэдэкъым.

ТхылъпхуэтIэнри, абы уи цIэ-унэцIэ тету кьыдэбгъэкIынри Iуэху щхьэпэщ, дауи, узытепсэльыхьыр уи Iэщiагъэмэ, е уимыIэщiагъэми, узытепсэльыхь Iуэхум тхылъеджэм дзыхь кьыпхуищIын хуэдизу щыгъуазэ зыпщIмэ. Ауэ тхылъым и щIыбагъым тет Андрей и гъащIэ Iуэгуми кьегъэльагъуэ а щiалэ щэныфIэр щIэныгъэ хэха гуэрым хуеджауэ зэрыщымытыр, абы кьыхэкIыу и лэжьыгъэри, уи жагъуэ зэрыхъущи, «хьэблэ хьыбар» жыпхъэрщ зэрытыр. Пэжщ, ди гуапэ мэхъу адыгэхэм урысыбзэкIэ зэрытепсэльыхьыр, ауэ а тепсэльыхьыкIэм тегъэщIапIэ узынщэ щыхуэзэмым и деж, пэжым мыхьэнэ имыIэжу кьыпщегъэхъу.

Осташкэ Андрей хущIокъу адыгэхэри, кьэзакъэри, псом хуэмыдэу псалъэ дахэ зыхуцымыщхь и хэку Кьрым хьтIыгуныкъуэмрэ Кавказымрэ илъэс щэ бжыгъэкIэ зэпэгунэгъу дыдэу кьызэрекIуэкIар кьэпсэльэгъуэну. Мурадыр захуэщ, ауэ Iэмалхэр, бзэм хуэшэрыуэхэм зэрыжаIэу, «нэхъыфIамэ нэхъыфIт».

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Хъыбар кIэщIхэр

Мыхьэнэ зиIэр

ЛIы беижь гуэрым мы дунейм зыпищI щымыIэу фIыуэ илъагъуэ къуэ иIэт. Зэадзэзэкъуэр зэгурыIуэрт, уеблэмэ я псэр зы чысэм илъщ жыхуаIэм хуэдэт. Ауэ зы хьэл яхэлът а тIуми, нэхъ зэпэгунэгъуэ ищIу. Абыхэм сурэт гъэтыгъуейхэр зэхуэхьэсырт ерыщу. Арати, зауэм щIидзэри, щiалэр дзэм ираджащ. Щiалэр хахуэт, шынэ жьхуаIэр имыщIэу, ауэ, и ныбжьэгъум и псэр ихъумэу, езым и щхьэр хилъхьащ. Адэм хуабжьу къытехьэлъащ и къуэ закъуэр зэримыIэжыр. Зэгуэрым бжэм къытеуIуам ар щыхуIуихым, щiалэ мыцIыху бжэщхьэIум тетщ, зэкIуэцIыльъ гуэр иIыгъэу.

- УИ КъУЭМ кьригъэла сэлэтыр сэращ, - жиIащ щiалэщIэм. - Абы куэдрэ уи гугъу ищIырт, гъуэзджэр фIыуэ зэрыплъагъури жиIэрейт. Сэ сурэтыщI Iэзэхэм сащыщкъым, ауэ уи къуэм и сурэтыр сщIащи, зомыусыгъуэджмэ, тыгъэ пхузэщIынт.

Дауи, адэм саугъэтыр хуабжьу игу ирихьат. Абы сурэтыр нэхъ лъагъупIэ дыдэм деж фIидзащ, икIи хьэщIэу кьыхуэкIуэм япэщIыкIэ а сурэтыр яригъэлъагъуэрэ, итIанэ адрейэмкIэ ишэрт.

Iуэр зэримыIэжьм и гуауэм игъэшэха лIыжьыр куэдрэ мыпсэужу дунейм ехьжащ, сурэт зэкуижьэсахэр аукционым щащну уэсат кьигъанэри. Апхуэдэуи ящIащ. Сурэтхэр ящэну щытрауха махуэм беижь куэд кьызэхуэсат, дэтхэнэри лIыжьым и сурэт гъэтыгъуейхэм ящIщ зы нэхъ мыхъуми кьищэхуну щыгугъыу. Япэ дыдэ ящэну утыкум кьрахьащ лIыжьым и къуэм и сурэтыр.

- Сыт хуэдиз щIэфтын мы сурэтым? - жиIащ аукционыр езыгъэкIуэкIым.

Пэшым щIэт даущыр лIы макъ гъумым кьикъуташ.

- Дэ сурэтыщI цIэрыIуэхэм я лжьыгъэщ дыззжьэр, мы фейцIым хэт хуейр?

Аукционыр езыгъэкIуэкIыр жиIам зэрытетт.

- Къуэм и сурэтыр хэт кьищтэн?

Арати, иужьрей дыдэ тIысыпIэмкIэ лIыжьым и унэр зезыхьа щiалэм и макъ кьыщIыуащ.

- Сэ сиIэр сомипщIщи, фызот.

- Сурэтым сомипщI щIэзыт щыIэщ, хэт нэхъыбэ щитын? - щIоупщIэ сурэтыр зыщэр.

- Ещэ абы сурэтри, адрейхэр псынщIэпсынщIэу утыку кьихфьэ, - зыжьэу щыжаIащ пэшым.

- СомипщI зэ, сомипщI тIо, сомипщI щэ... Сурэтыр сомипщIкIэ тщащ, - жеIэ.

- Иджы адрей сурэтхэр кьэфхъ псынщIэу, - мэлъаIуэ пэшым щIэсхэр.

Сурэтхэр зыщам, мащIэу пыгуфIыкIри, жиIащ: «Хуабжьу си жагъуэ мэхъу фызэрызгъэщIэхъур, ауэ лIыжьым и уэсратыкIэ сурэт гъэтыгъуей псори льос «Къуэр» къэзыщэхуам.

Къызэхуэсахэм зэхахар ямыгъэщIагъуэу кьэнакъым, ауэ ар гъащIэ хабзэщ: дэ кьытфIэмыIуэхуу блэдгъэкIэрщ мыхьэнэ зиIэр, мы хьыбарым зи гугъу щыщIа аукционым хуэдэу, насыпырыхь хъур.

Интернетым къитхащ.

● Литературэ

КIуэдыпIэ иIэкъым

Белэ Речкэ я къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм щекIуэкIащ тхакIуэхэмрэ щIэджыкIакIуэхэмрэ я зэIущIэ.

2015 гъэр Литературэми ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъуами я илъэсу зэрыщыытым теухуауэ къэпсэлъэхэщ уэсакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэхэу Гуртуев Сэлихь, Созаев Ахьмэт, Терехов Игорь, Ольмезов Мурадин, Османов Хьисэ, Болатов Юруслан сымэ.

Зэхуэсым кьрихьэлIахэм убгъауэ и гугъу ящIащ анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ я блэкIамрэ нобэ ахэр зрихьэлIэ лъэпощхьэпохэмрэ.

- Долъагъу кIуэ пэтми лъэпкъ мыинхэм я анэдэлъубзэм хуащI пщIэм кIэрыуэ зэпыту зэрыщытыр. Ауэ, дауэ хъуми, лъэпкъыр щыIэху, бзэми кIуэдыпIэ иIэкъым. Дэ, ар кьызыгурыIуэ тхакIуэхэм, ди зэфIэкI псори етхьэлIэн хуейщ, щIэблэр анэдэлъхубзэм дезыгъэхьэх Iэдакъэщ1экIэр ди кьалэмыи кьызэрыщIэкIыныи, - жиIащ Кавказым и тхакIуэхэм я клубым и тхьэмадэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ Гуртуев Сэлихь.

ТхакIуэхэм апхуэдэу гулъытэ хэха хуащIащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъэхэм я литературэр анэдэлъубзэкIэ зэдзэкIуэх ящIащ кьыдэгъэкIыным, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ абы иIэ мыхьэнэр кьэлъытауэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Адыгэ унафэщIхэр тырку сультIаным деж йоблагъэ.
1856 гъэ, накъыгъэм и 24

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакIуэ (XII лIэщIыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лIыхъужь

ЗэзыдзэкIар ЧЭРИМ Марьянэщ

(КIэцхыр.
ПэщIэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 - 139, 144 - 146, 149, 153, 155, 158, 159 - 160, 164, 166-167, 173, 175, 177,184, 186-хэм итщ).

ЩIэлъщ шы лъэгум я нэхъыщхьэр, игъэтхьэджэу гужьеигъуэм:
«Алыхьталэм и хьэтыркIэ къысхуэфщI гущIэгъу сыхьэтмыгъуэм,
Пэжщ, схуэфащэкъым сэ гъащIэ, сэ схуэфащэр мащэ кIыфIырщ,
ЩизгъэхьакIэ гум бзаджагъэ, щызмыгъафIэу ныбжьэгъугъэр.

ФыщыкIуэдым хъуат мы хэкур хъыбарыншэ илъэсипщIкIэ,
Бгъэр лъэтэжмэ, пащтыхьыншэу, бзу нэгъунэ мэхъу тхьэмыщкIэ.
Зыкъисчат сахурикъуну, нэпсеягъэр згъэIурыщIэу,
Зэпычащ си гъащIэ къуэпсыр, жыг лъэдий фIэкIа умыщIэу.

Иджы сыщIолъэIу лIэныгъэм, сэ зыращи псомкIи къуаншэр,
Уэзир щитху къэсшащ си гъусэу, итщ дэтхэнэри уи пащхьэ.
ПыупщI уащымысхьу я щхьэр, къалэжьащи ажал гуащIэ,
Ауэ, нэпсымкIэ тхьэ соIуэ, дзэ хейм зыри имылажьэ!»

Псоми я щхьэр екъэхауэ хуаIэт я тхьэрыIуэр уафэм:
«Къурмэн дыхурехъу уи гъащIэм къыпищэныр зи унафэм!»
Сэждэм телъщ Рамазэ и натIэр, - къегъэгугъэ пащтыхь напэм:
Зызыумысым хуэбгъэгъункъэ, щыхуигъэгъукIэ Мамыщ IэуIэм!

Я щхьэм яжьэ кърапхъыхыу, ниневдэсхэм къахьа тобэу,
Нэпсхэр плъагъумэ, щIегъуэжауэ, гур зэрычэр къыбгуроIуэ.
Гъым и фIэщмэ, Тхьэм и губжьыр щIылъэм къытемыхуэу къонэ,
Дунейр кIыфI къыпщызыщIари дуней нэхуу къыхэщIонэ.

Щеджагъэнщ Iущыгъэщ Iэкъухэр акъылыфIэхэм я тхылъхэм
ЛIы хуэдэлIым гумащIагъэм нэхъ хьэлыфI зэрыхэмылъым:
ГущIэгъу хуэщI узытекIуахэм, бий хэм уахуэтэмакъкIыхьу,
ЛIыгъэ нэсым уэ уехъуапсэм, псэу, а псалъэхэр уигу илъу.

Щысщ Тариэл Iэсэлъасэу, уигу къигъэкIыу Алыхь закъуэр.
«Фыпсэу! - щабэу яжреIэ шынэу зэщIэкIэзызахэм,-
Мыхъумыщ Iагъэу къефхьэжьахэр сэ хуэзыунэтIынщ гъуэгу захуэм,
Хабзэ фхуэхъун хуэдэу пэжыр, пщIым зи щIыб хуэзыгъэзахэм».

Бзэ къэнакъым Инд пащтыхьыр дэнэкIи щимыгъэлъапIэу,
Щытхъу хуаIэту фIыр сыт щыгъуи тезыгъакIуэ къэгъэщIакIуэм:
Ажал фIыцIэр ящхьэщихри, къаритыжащ гъащIэ лъапIэр:
ЩIегъэхьэулей, фIэуЛъийуэ, Тариэл и сэшхуэр сампIэм.

Тариэл и шыфэлIыфэм нэр щагъафIэт къэкIуа цIыхухэм,
Пхъашэу щытыгъа и макъыр уэрэдыпкъыут зэращыхъур;
Ауэ Рамаз и зауэлIхэм къезэвэкIти дунеишхэр,
Щызэрихьэт гъуэбжэгъуэщыр, зэщIэпщIыпщIэу, Инд хэкушхуэм.

Месри, шууэ хъахуоблагъэ гуфIэгъуэшхуэр хьахуэзыхьыр:
«Къыгхуигъэгъуащ! ДиукIакъым! » - зеIэт уаф эм хъыбарыфIым.
МэIу бжьамийр, зыIуэтэжахэм Iэгъуэблагъэр дигъэгуфIэу:
«Езыр шууэ къыдгъэдохьэ дызыIэрыхьа пащтыхьыр!»

ФIэхъус ирах тепщэм индхэм, лъэгуажьэпэкIэ загъэщхъыу,
Ауэ мэхъу Iэнкун, бэракъхэр хамэ ныпхэм ирагъэщхьу:
«Дыкъагъапщ Iэу пIэр?» - жаIэу, мэIущащэ, шэчхэр ящIу, -
Дэнэ къикIыжьын Тариэл, жыхьэнмэм дримыгъашэу?!»

«Къэсыжащ пащтыхьыр! - жеIэ Тариэл, бэм щыгуфIыкIыу,-
Къыздишэжри и дыгъэу, нурыр зэи зыщхьэщымыкIыр,
Уафэм къыдита нэхуцхуэрщ псори дызыхэпсэуркIыр,
Зивгъэгъусэ абы адкIэ флэIэщIэныр зыльэмыкIыр».

КъацIыхужри, къыхуопIащIэ, зэпаупщIу тафи, къуакIи;
Нэхум хуиту зыщегъазэ я чэщани, я быдапIи,
«Дэ бэлыхь дыщышынэжкъым!» - дэнэкIи къыщIоIу я макъхэр,-
Пэжыр нэпцIым трегъакIуэ фIыр зи хабзэ Алыхь лъапIэм!»

Къыбгъэдахьэри ГункIыбзэр, къызэIуах куэбжэшхуэр пщылIхэм:
Фэлъхьэгъуэу пльагъур фIыцIэу, хэтщ зэрыкъэралу щыгъуэм,
ХьэщIэхэр мэгъуэг, я нэкIуэр гулъ гъэгъа гъуэлэжанфэу,
НэпскIэ ятхьэщIа налмэсым къуаргъ щетIысэха уи гугъэу.

Адэ хуэдэ, и гъэсакIуэр хабзэм тету щигъеижым,
Тариэл щIигъэкIырт и нэпсхэр, псыхьэлыгъуэ мыгъущыжу,
Гъуагъуэ макъкIэ пихьэт, тхьэджэу, щэIу щIэх-щIэхыу къиутIыпщу,
Гуауэ губгъуэ фIыцIэр ивэрт, и пхъэIэщэр налмэс мыщIэу.

ЛIыщхьи къуэдзи нэпс щIагъэжу, Тариэл къызэрилъагъуу,
ЩIигъэхуабжьэу, гур икъутэу, нэхъ гуащIэжу яхогъуагэ,
ПсыижкIпIэ хуэдэ, нэпсым, лъыпсыр хэту, магъри магъ ар,
Къуэшым IэпIэ къыхуащIыну зэрыхасэу къыздеблагъэм.

Яхуэгуэзвэну къокIуэ уэркъхэр псэгъу зэхуэхъуаитIым,
Ауэ Нестан иутIыпщIыжкъым афIэкIа и нэпсхэр хуиту:
Ирешэх гъэгъа къудамэр, зыIэтыжын бгъэдэмыту,
Дыхьэшх макъ щаIэщIэкIыжкъым сэрейм лIыщхьи, унэIути.

Гуащэ-анэр къыщIэпхъуауэ кьожэ ахэр илъагъуну;
И унафэр игъэткIийуэ, жеIэ: «Сыт дэ дыщIэгъынур?!
Тхьэм и губжьыр тщхьэщихащи, дэ къыттохуэ фIыщIэ тщIыну,
Абы и пIэ, нэпс щIэдгъэжу, дигухэр сыт щIиткъутыхьынур?»

Арщи, нэпсхэр зэрыщIэту, Тариэл хуещI анэм IэплIэ,
ЖеIэ: «МафIэр ункIыфащи, псэр гугъэщIэм зэщIегъаплъэ;
Гур гъэпсэхуи къысхуедаIуэт си бзэгупэ къыпылъадэм:
Тхьэр зеинщэхэм ди телъхьэщ - насыпыщIэ къытпегъаплъэ».

«Сыт Iэмалыр, си псэм хуэдэ, - пхъур бгъэдэсщ и анэм магъри,-
Пльыжь-гъуэжьыфэхэр зи фащэм нобэ фIыцIи сыбгъэлъагъур!
ИунэщIащ тахьтэр ди адэм, мащэ кIыфырщ и пIэщхьагъыр».
«ЩыгъэтIыж!» - мэлъаIуэ анэр, хуилъэщIыжу нэпсхэр нагъуэм.

Ба хуещI анэм и хъыджэбзым, гумащIагъэр хуэмыгъэпщкIуу,
ЗэхеупIышкIуэ Iупэм гулъыр, тхьэмпэхэм къахимыгъэщу.
«Сыт дигу илъкIэ гуныкъуэгъуэр! - зыхуегъаэз и пхъум гуащэм,-
ФIы къыгтоплъэ дэ иджыри дунеягъэкIэ мымащIэу».

Апхуэдэххэу пIалъэр макIуэ, тэлай гуп зэкIэлъыпIащIэу.
Удж ящI хуэдэ, къаувыхьауэ, лIыщхьэхэм хуащI тепщэм щхьэщэ.
Къабгъэдохьэ дуней нэхухэр, плъагъурэ пэт защумыгъэнщIу,
ЩытхъУ-сэламрэ IэплIэ-бауэ щхьэж игу пыкI яхуигъэфащэу.

Автандилрэ Придонрэ къэзыгъэлъэпIэн щымыщIэ.
Тариэл жреIэ гуащэм: «Плъэгъуа уэ къикIуэт зымыщIэ?!
НыбжьэгъуфIхэм я фIылъагъурщ дыкъызэрелар зи фIыщIэр,
Мы тIуращ зи лIыгъэ хэлъыр псэухэм дэ дазэрыщыщым».

Щыхьэрышхуэм къэсыжауэ, сэрей гупэм деж щохасэ;
Я гум нэсрэ бзэ IэфIу, пащтыхь гуащэр бэм йопсальэ:
«Къыдитащ Тхьэм текIуэныгъэр, къыдэбийхэр дгъэгузасэу,
Зэхэдубгъэнщ тхьэлъэIушхуэ, ахэр къаплъэм щхьэжьыпсэу».

«ФIыцIэр щыфх! Накъыр фещэ! - ящIащ тепщэхэм унафэ. -
Сэрейм жьыжьэу щхьэдэIукIыу, зреIэт ди санэхуафэм!
Дыщэ бгырыпхэр зыщIэфпхэ, вгъэщIэращIэу алътес джафэр,
Нэпсхэр къыщIэвмыпIытIыкIыу, фыдыхьэшх, фыджэгу, фыкъафэ».

LXIV
Тариэлрэ Нестан-Дареджанрэ я хьэгъуэлIыгъуэр

Месри, анэр я Iэпэгъуу, зэпсэгъуитIыр жьантIэм дашэ;
Уэзирхэм фIэхъус кърахыу, пащтыхь тахьтэм ныбгъэдашэ;
Лей зезыхьар ихьащ лажьэм, - гур къильэту фIым хуопIащIэ,
Зыри хуиткъым нобэ гъыну, гуауэм и пIэ - гуапэ защIэ.

Пащтыхь гуащэм зыкъехуапэ, ихуащ абы и щыгъуэр;
ЛIыщхьэхэр егъэщIэращIэ, зи нэ техуэм фIэщIэщыгъуэу;
ЯхуещI тыгъэ жьыми щIэми, пуду зыри къыхэмыхуэу,
«Игъуэм къигъэзащи, - жеIэ, - йож игъуэджэм и гурыгъыр».

Адэм и тахьтэ гъэдахэщ Тариэлрэ Дареджанрэ:
ЗыкIэ йокIури гуащэм щауэр, зыр адрейм къыхуигъэщIауэ!
Хэт а тхьэгъуэр зытхьжьынур, Тхьэм и нэфIыр къыщыхуауэ?!
Ахэм ещхь яхэт цIыху цIыкIум, Iэдэм и къуэпс къыдэжауэ?!

Тариэл, нысащIэр щIыгъуу, есыIат зэхъуапсэ Iуфэм:
Тахьтибэ къалъысащ абыхэм, гур зыгъафIэ насып кIыхьу.
Пщогъупщэж уи гуныкъуэгъуэр, пхьымэ гъащIэр насыпыфIэу,
Дыджыр Iумыхуауэ щIыхум, IурыIэфIэкъым фошыгъур.

Дыгъэ нэхур зыгъэфаджэ Тариэлрэ Дареджанрэ
Хуагъэфащэ инд тетыгъуэр, бэрэбанэхэр хуагъаджэу,
Гуэну яIэм я IункIыбзэр къыIэщIалъхьэ, дзыхь къыхуащIу,
«Ди пащтыхьыращ ар!» - жаIэ, я гуфIэгъуэр дэп жьэражьэу.

Тахьтэ зырыз ягъэбжьыфIэ Автандилрэ Придонрэ:
ЯгъэлъапIэу, щытхъу хуаIэту, къалэдэсхэр къабгъэдохьэ.
Ахэм я фэгъу яхэтыххэ мы дунеишхуэм щыпсэухэм?!
Псори жрагъаIэжыну лъаIуэ гупыр зэрызохьэ.

Санэхуафэ, гуфIэгъуэшхуэ - унэIутхэр Iэнэзехьэщ;
Сэреишхуэм, зэрихабзэу, я нысашэр лъэрызехьэщ;
Гуащи щауи къыкIуэщыжкъым тыгъэ зыхуэмынэсейхэм -
Ират ахэр мэжэщIалIэм - ягъэтхъэж тхьэмыщкIэр бейхэм.

«Къеввдж фызаби зеинши!» - пащтыхь гуащэм ещI унафэ, -
ЦIыху IэнэщIу дэкIыжьынкъым, зэхэзыхыр кърекIуалIэ!»
И гупыжхэр тIуэтэжынут, дрикъуну тщIамэ псалъэ:
«Тхьэ фахуелъэIу зэпсэгъуитIым я тепщэгъуэр хъуну махуэ!».

Тариэл йопсалъэ гуащэм: «Мыр жысIэнут, сыпфIэзахуэм:
ХуэщI гущIэгъу Рамаз пащтыхьым, ди ухыгъэм игу гъэзагъэ,
Гужьеигъуэм IэщIокIуадэ, и фIэщ дыдэу щIегъуэжауэ,
Хуегъэгъу езы Алыхьталэм гъамрэ тобэ къэзыхьамрэ».

«Хузогъэгъу», - жэуап ет гуащэм. Асыхьэтым ящI унафэ
Пащтыхь Рамаз къыщIашэну, тепщэм щхьэщэ хуищIын папщIэ.
Уэрэджьыакъуэр къоблагъэ, дежьунухэри къашэ,
Гуауэу нэгум щIэкIа псори зэуэ мэхъу гуфIэгъуэ защIэ.

Зи нэ техуэр игъэгуфIэу, зэтелъщ дыщэри налкъутри;
ХъугъуэфIыгъуэ самэ лъагэр псыуэ йож бысым Iэгуитым;
Ухуитщ къыпIэрыхьэр пхьыну - тыгъэр зыми IэщIаудкъым;
ЦIыхухэр аIакъуэкIэ ягуэшми, пльырхэм зыри ягъэпудкъым.

Автандилрэ Придонрэ я дзэм Тариэл жреIэ:
«ХьэщIэр Тхьэм и тыгъащ, къуэшхэ, фигу ирихьыр фыбж фыфейуэ».
Къыдыр зырыз ярет, я хъуржыныхэм ильу мывэ лъапIэкIейхэр,
И Iэгу икIар зыхуэбжьынур Iэзэ дыдэрщ, пэж ухуеймэ.

Автандилрэ Придонрэ къалъысар ихуэжкъым бжыгъэм;
Уи жьэр пхуэзщIэмыхьыжу бзагуэ уищIт а щхьэусыгъуэм;
Игуэшт гуащэм дыщэхэкIхэр, хъарзынальэр зэв уи гугъэу,
КъегъаIэкIуэ хъуа щIалитIым яIупльэху и гурыфIыгъуэу.

Автандилрэ Придонрэ мис апхуэдэут зэралъытэр:
«Ди насыпыр фэрщ зи фIыщIэр!» - гуапэт цIыхухэм я гулъытэр.
Зыхуей псори ахэм хуащIэт, тIури ябжт пащтыхь пэлъытэу,
ХэщIтэкъым сэрейм къекIуалIэм пщIэ хуащIыну а щIалитIым.

Тариэли гу хьэлэщи, ирет Рамаз тыгъэ лъапIэ,
Мыр жриIэу: «Бгуэшынщ дыщэ, ущыхъукIэ епцIыжакIуэ».
ЩIым трелъхьэ Рамаз и щхьэр - гур къызэрыгъуэтыжакIэщ,
ЯхокIыж, захуимыгъэлIу, къихьа тобэр и гугъапIэу.

Асмат пэжи хуещI унафэ Инд щIыналъэм и пащтыхьым:
«Адэ-ани, анэкъиалъхуи къахуэзкъуэхьн уи лIыгъэ?!
Хэкум щыщу Iыхьэ бланэр ирехъу уэ уи насып Iыхьэ,
ГъащIэ IэфIыр, фIыр щыкуэду, иренатIэ уи тетыгъуэм!

Яхуэгуэзвэну къокIуэ уэркъхэр псэгъу зэхуэхъуаитIым,
Ауэ Нестан иутIыпщIыжкъым афIэкIа и нэпсхэр хуиту:
Ирешэх гъэгъа къудамэр, зыIэтыжын бгъэдэмыту,
Дыхьэшх макъ щаIэщIэкIыжкъым сэрейм лIыщхьи, унэIути.

Гуащэ-анэр къыщIэпхъуауэ кьожэ ахэр илъагъуну;
И унафэр игъэткIийуэ, жеIэ: «Сыт дэ дыщIэгъынур?!
Тхьэм и губжьыр тщхьэщихащи, дэ къыттохуэ фIыщIэ тщIыну,
Абы и пIэ, нэпс щIэдгъэжу, дигухэр сыт щIиткъутыхьынур?»

Арщи, нэпсхэр зэрыщIэту, Тариэл хуещI анэм IэплIэ,
ЖеIэ: «МафIэр ункIыфащи, псэр гугъэщIэм зэщIегъаплъэ;
Гур гъэпсэхуи къысхуедаIуэт си бзэгупэ къыпылъадэм:
Тхьэр зеинщэхэм ди телъхьэщ - насыпыщIэ къытпегъаплъэ».

«Сыт Iэмалыр, си псэм хуэдэ, - пхъур бгъэдэсщ и анэм магъри,-
Пльыжь-гъуэжьыфэхэр зи фащэм нобэ фIыцIи сыбгъэлъагъур!
ИунэщIащ тахьтэр ди адэм, мащэ кIыфырщ и пIэщхьагъыр».
«ЩыгъэтIыж!» - мэлъаIуэ анэр, хуилъэщIыжу нэпсхэр нагъуэм.

Ба хуещI анэм и хъыджэбзым, гумащIагъэр хуэмыгъэпщкIуу,
ЗэхеупIышкIуэ Iупэм гулъыр, тхьэмпэхэм къахимыгъэщу.
«Сыт дигу илъкIэ гуныкъуэгъуэр! - зыхуегъаэз и пхъум гуащэм,-
ФIы къыгтоплъэ дэ иджыри дунеягъэкIэ мымащIэу».

Апхуэдэххэу пIалъэр макIуэ, тэлай гуп зэкIэлъыпIащIэу.
Удж ящI хуэдэ, къаувыхьауэ, лIыщхьэхэм хуащI тепщэм щхьэщэ.
Къабгъэдохьэ дуней нэхухэр, плъагъурэ пэт защумыгъэнщIу,
Щытхъу-сэламрэ IэплIэ-бауэ щхьэж игу пыкI яхуигъэфащэу.

Автандилрэ Придонрэ къэзыгъэлъэпIэн щымыщIэ.
Тариэл жреIэ гуащэм: «Плъэгъуа уэ къикIуэт зымыщIэ?!
НыбжьэгъуфIхэм я фIылъагъурщ дыкъызэрелар зи фIыщIэр,
Мы тIуращ зи лIыгъэ хэлъыр псэухэм дэ дазэрыщыщым».

Щыхьэрышхуэм къэсыжауэ, сэрей гупэм деж щохасэ;
Я гум нэсрэ бзэ IэфIу, пащтыхь гуащэр бэм йопсальэ:
«Къыдитащ Тхьэм текIуэныгъэр, къыдэбийхэр дгъэгузасэу,
Зэхэдубгъэнщ тхьэлъэIушхуэ, ахэр къаплъэм щхьэжьыпсэу».

«ФIыцIэр щыфх! Накъыр фещэ! - ящIащ тепщэхэм унафэ. -
Сэрейм жьыжьэу щхьэдэIукIыу, зреIэт ди санэхуафэм!
Дыщэ бгырыпхэр зыщIэфпхэ, вгъэщIэращIэу алътес джафэр,
Нэпсхэр къыщIэвмыпIытIыкIыу, фыдыхьэшх, фыджэгу, фыкъафэ».

LXIV
Тариэлрэ Нестан-Дареджанрэ я хьэгъуэлIыгъуэр

Месри, анэр я Iэпэгъуу, зэпсэгъуитIыр жьантIэм дашэ;
Уэзирхэм фIэхъус кърахыу, пащтыхь тахьтэм ныбгъэдашэ;
Лей зезыхьар ихьащ лажьэм, - гур къильэту фIым хуопIащIэ,
Зыри хуиткъым нобэ гъыну, гуауэм и пIэ - гуапэ защIэ.

Пащтыхь гуащэм зыкъехуапэ, ихуащ абы и щыгъуэр;
ЛIыщхьэхэр егъэщIэращIэ, зи нэ техуэм фIэщIэщыгъуэу;
ЯхуещI тыгъэ жьыми щIэми, пуду зыри къыхэмыхуэу,
«ИгъуэмкIыгъэзащи, - жеIэ, - йож игъуэджэм и гурыгъыр».

Адэм и тахьтэ гъэдахэщ Тариэлрэ Дареджанрэ:
ЗыкIэ йокIури гуащэм щауэр, зыр адрейм къыхуигъэщIауэ!
Хэт а тхьэгъуэр зытхьжьынур, Тхьэм и нэфIыр къыщыхуауэ?!
Ахэм ещхь яхэт цIыху цIыкIум, Iэдэм и къуэпс къыдэжауэ?!

Тариэл, нысащIэр щIыгъуу, есыIат зэхъуапсэ Iуфэм:
Тахьтибэ къалъысащ абыхэм, гур зыгъафIэ насып кIыхьу.
Пщогъупщэж уи гуныкъуэгъуэр, пхьымэ гъащIэр насыпыфIэу,
Дыджыр Iумыхуауэ щIыхум, IурыIэфIэкъым фошыгъур.

Дыгъэ нэхур зыгъэфаджэ Тариэлрэ Дареджанрэ
Хуагъэфащэ инд тетыгъуэр, бэрэбанэхэр хуагъаджэу,
Гуэну яIэм я IункIыбзэр къыIэщIалъхьэ, дзыхь къыхуащIу,
«Ди пащтыхьыращ ар!» - жаIэ, я гуфIэгъуэр дэп жьэражьэу.

Тахьтэ зырыз ягъэбжьыфIэ Автандилрэ Придонрэ:
ЯгъэлъапIэу, щытхъу хуаIэту, къалэдэсхэр къабгъэдохьэ.
Ахэм я фэгъу яхэтыххэ мы дунеишхуэм щыпсэухэм?!
Псори жрагъаIэжыну лъаIуэ гупыр зэрызохьэ.

Санэхуафэ, гуфIэгъуэшхуэ - унэIутхэр Iэнэзехьэщ;
Сэреишхуэм, зэрихабзэу, я нысашэр лъэрызехьэщ;
Гуащи щауи къыкIуэщыжкъым тыгъэ зыхуэмынэсейхэм -
Ират ахэр мэжэщIалIэм - ягъэтхъэж тхьэмыщкIэр бейхэм.

«Къеввдж фызаби зеинши!» - пащтыхь гуащэм ещI унафэ, -
ЦIыху IэнэщIу дэкIыжьынкъым, зэхэзыхыр кърекIуалIэ!»
И гупыжхэр тIуэтэжынут, дрикъуну тщIамэ псалъэ:
«Тхьэ фахуелъэIу зэпсэгъуитIым я тепщэгъуэр хъуну махуэ!».

Тариэл йопсалъэ гуащэм: «Мыр жысIэнут, сыпфIэзахуэм:
ХуэщI гущIэгъу Рамаз пащтыхьым, ди ухыгъэм игу гъэзагъэ,
Гужьеигъуэм IэщIокIуадэ, и фIэщ дыдэу щIегъуэжауэ,
Хуегъэгъу езы Алыхьталэм гъамрэ тобэ къэзыхьамрэ».

«Хузогъэгъу», - жэуап ет гуащэм. Асыхьэтым ящI унафэ
Пащтыхь Рамаз къыщIашэну, тепщэм щхьэщэ хуищIын папщIэ.
Уэрэджьыакъуэр къоблагъэ, дежьунухэри къашэ,
Гуауэу нэгум щIэкIа псори зэуэ мэхъу гуфIэгъуэ защIэ.

Зи нэ техуэр игъэгуфIэу, зэтелъщ дыщэри налкъутри;
ХъугъуэфIыгъуэ самэ лъагэр псыуэ йож бысым Iэгуитым;
Ухуитщ къыпIэрыхьэр пхьыну - тыгъэр зыми IэщIаудкъым;
ЦIыхухэр аIакъуэкIэ ягуэшми, пльырхэм зыри ягъэпудкъым.

Автандилрэ Придонрэ я дзэм Тариэл жреIэ:
«ХьэщIэр Тхьэм и тыгъащ, къуэшхэ, фигу ирихьыр фыбж фыфейуэ».
Къыдыр зырыз ярет, я хъуржыныхэм ильу мывэ лъапIэкIейхэр,
И Iэгу икIар зыхуэбжьынур Iэзэ дыдэрщ, пэж ухуеймэ.

Автандилрэ Придонрэ къалъысар ихуэжкъым бжыгъэм;
Уи жьэр пхуэзщIэмыхьыжу бзагуэ уищIт а щхьэусыгъуэм;
Игуэшт гуащэм дыщэхэкIхэр, хъарзынальэр зэв уи гугъэу,
КъегъаIэкIуэ хъуа щIалитIым яIупльэху и гурыфIыгъуэу.

Автандилрэ Придонрэ мис апхуэдэут зэралъытэр:
«Ди насыпыр фэрщ зи фIыщIэр!» - гуапэт цIыхухэм я гулъытэр.
Зыхуей псори ахэм хуащIэт, тIури ябжт пащтыхь пэлъытэу,
ХэщIтэкъым сэрейм къекIуалIэм пщIэ хуащIыну а щIалитIым.

Тариэли гу хьэлэщи, ирет Рамаз тыгъэ лъапIэ,
Мыр жриIэу: «Бгуэшынщ дыщэ, ущыхъукIэ епцIыжакIуэ».
ЩIым трелъхьэ Рамаз и щхьэр - гур къызэрыгъуэтыжакIэщ,
ЯхокIыж, захуимыгъэлIу, къихьа тобэр и гугъапIэу.

Асмат пэжи хуещI унафэ Инд щIыналъэм и пащтыхьым:
«Адэ-ани, анэкъиалъхуи къахуэзкъуэхьн уи лIыгъэ?!
Хэкум щыщу Iыхьэ бланэр ирехъу уэ уи насып Iыхьэ,
ГъащIэ IэфIыр, фIыр щыкуэду, иренатIэ уи тетыгъуэм!

Сурэтхэр **Зичи Михай** *ищIащ.*

Къыхэх пфIэфIу гъащIэ гъусэ - хуейщ Iэ быдэ уи хэгъуэгур,
Уэри дэри къытхуэпэжу, плъапIэкIи ди акъылэгъуу».
Асмат зредыхь я пащхьэ: «Фэрщ си напIэри си нэкури,
Си пщылIыпIэм еIэфIэкIкъым сэ фэрыншэу скIуну гъуэгур.

Нэмысыншэу симыбжынум, къизнэнт псалъэ тепщэ пащхьэм:
ЩIы хъурейр сысейми - зырищ, сывигъусэным езгъапщэм.
ГуныкъуэгъуэрфщхьэщыкIамэ, бзийуэ вгуэшри сэркIэ гъатхэщ,
Си гъэсэну уи нысащIэм селъэпауэми - щыугъэщ».

«Гукъеуэжьхэмяудэгъуалэуэ умыгъакIуэ гъащIэ кIэщIыр,
Угъуэгт гуауэм ущыхэтым, - жеIэ Тариэл и фIэщу, -
Иджы бжесIэхэм къедаIуи, мы зэми къысхуэхъу жыIэщIэ:
Уэр абрагъэур уи Iэпэгъуу, псэу, дунейр IуэхуфIкIэ бгъэщIу».

«Иухащ гукъеуэр», - жеIэ Асмат, тепщэм худичыхыу.
Псэлъыхъу Iущи къыкъуэкIащи, ягъэгувэркъым нэчыхьыр:
ЩIхьэщэ екIу тхьэмадэм хуищIу, Асмат бгъэдишащ пащтыхьым,
ДокIуэтей тIысыпIэ лъагэм, я пщIэм щэныр кIэрымыхуу.

КъуэшыфI зэхуэхъуа щIалищым ныхагъэщI хьэщIэгъуэ пIалъэм,
Нэгузыужьу яхь зэманыр, пхуэбжькъым тыгъэу хуэзблахыр:
«Мы налмэсхэр зэрыдахэ!»; «ЕхъуIакъэ мыр зи хуарэ!»
Ауэ, Автандил уIупIльэм, Тинатин и ныбжьыгщ плъагъур.

Гу лъитакIэщ Тариэли - хуозэш псэгъум щIалэ бланэр.
«КъызыгуроIуэ, - жеIэ, - щыму уэ къызыбоIуэкI гъуэгуанэр:
Зэш къатиблыр зэбнэкIауэ, иджы удокIуей еянэм,
Сыкъегъанэ дунеижьым закъуэныгъэм срикъану».

Хъущ екъэжьныгу Придони: «Сэри сыкIуэкъин хуейщ», - жеIэ.
СыкIуэцIрыкIынщ уи хэкум, псэкIэ уи гум сыкъыхуеIэу.
ТIэу унафэ уэзгъэщIынкъым, къаджэ закъуэ, укъысхуеймэ,
Си насыпщ уи ужь ситыныр, псым хуэпабгъэ щыхь нэпсейуэ».

Ирет Придон хуитныгъэ индхэм я тхьэмадэ махуэм:
«Ежьэж, ауэ дэ, зэкъэушхэм, ди хабзэжь уемылъэпауэ!»
«Автандил, уэ узмылъагъуу, схуэгъэкIуэну пIэрэ махуэ?!
Сыт Iэмал? УтепыIэжкъым! Кьожьэ дыгъэр асльэн хахуэм».

Ростеван хуригъэхьыну ирегъэд дахащэу кIагуэ;
Махъсымалъэ хьэлэмэгтхэр яIущIахащ IэкIуэлъакIуу.
«Сыхьэтыфl фыхуищэ гъуэгум, схуехьыж Ростан сэлам гуапэ!»
ЖеIэ Автандил: «Жыжьэным гуэвэгъуэр къысхуегъакIуэ».

Нестан Тинатин хурелъхьэ, щIыIутелъ щIыгъуу, фащэ гуакIуэ:
Езырат ар зэкIур, ауэ, шыпхъуми дахэу зрехуапэ!
Хуэбгъэдэн уигъэлъыхъуэнрэ, гъуэгури ищIу нэхъ кIугъафIэ,
Жэщыр мафIэу къыпфIигъэщIу, хутрелъхьэ мыщIэ лъапIэ.

Зэрахыж сэлам ныбжьэгъуэхэм, къуэш нэмысыр къагъэлъагъуэу,
ЗэпэIэщIэ зэрыхъунур абрэмывэу псэм тогъуалъхэ;
Инд цIыхубэм нэпс щIигъэкIыр щызэрехьэ тафи, къуакIи.
ЖеIэ Автандил: «Iэгубжьэм щхъухь аргуэру схурагъахъуэ!»

Тетщ гъуэгуанэм зэкъуэшитIыр, я бзэ IэфIэр къатIэтауэ,
Йожьэж, IэплIэ зэхуащIыжри, щхьэж и унэ хуэгъэзауэ;
ГъащIэм пщэрылъ къахуищIахэр ягъэпэжащ щхьэ Iэтауэ,
Автандил носыж Хьэрыпым, и щыкъу адэр екъуалIауэ.

Зэрохьэжьэ хьэрып лъэпкъыр ялъагъуну щIалэ хъыжьэр.
Автандил и дыгъэм Iуоплъэ - щэIур и гум къыIукIыжкъым...
БгъэдотIысхьэ Тинатин, щIедзэ насып мыкIуэдыжым,
Я тетыгъуэр иIэтыным Лъыхьталэрщ зи гупыжым.

Мылэнджэжу зэгуоувэ пащтыхьищым я дамицыр;
ЗэкIэлъокIуэ, я зэхуэзэм къахуздихьу насыпщIэ;
ЯпэщIэтхэт бии, егъуи, зэуэм техуэу я сэшхуищыр;
Зэбгъуриту зекIуэ кIуэмэ, къуентхъкIи хэщI ямыщIэу.

Уэсым ещхьу, Тхьэм и нэфIыр тесэ зэпытт хэгъуэгуищым:
Макъ къигъэIутэкъым фызабэм, е тхьэмыщкIэм, е зеинщэм;
Щынэ цIыкIуэхэр анэ къуагъхэт, бзаджэрат тепщэгъуэм щыщтэр;
Бжэныр дыгъужьым дэхъуакIуэу, псэут мамыру къэралищыр.

КIэухыр

Блэлъэтащ абы я гъащIэр, жэщ пщIыхьхэпIэ хуэдэу, пIащIэу;
Яшэчащ дуней бэлыхьыр, ягъэващ лъэхъэнэ пхъашэр...
Насып мыухьж фIищыну хэт тегушхуэн гъащIэ мащIэм?!
Мэсхъ щIалэжьу Руставели и уэрэдми хуэмыфащэ.

Куржы пащтыхь Даут хахуэу Тхьэм и фIыщIэкIэ ефIакIуэм
Усэу хуэстхыжащ хъыбарыр, тепщэр тезгъэун си плъапIэу.
Арщ къуэкIыпIэм щригъажьэу хуэзыунэтIыр гъуэгу къухьэпIэм -
ЕпцIыжакIуэр щагъэпуду, цIыху щхьэмахуэхэр щылъапIэм.

Бгъуэтыххэн Даут и лIыгъэм, и бжьыфIагъэм хуэкIуэу псалъэ?
Мы хъыбарым къиIуэтэжыр бзэмыIу тепщэхэм ягъахъэрщ:
Я хахуагъыр, я хьэл-щэныр къызыхэщ уэрэд дахащэ
ЩызэхэсхымI, нэгузыужьу, усэ жану есхьэжьащ ар.

Дзыхь хуэфащэкъым ди гъащIэм, цIыху бзаджагъэм гур екъутэ;
Нэр пIэтыху блолъэт уи гъащIэр, напIэзыпIэщ зэрыщыту.
Сыт насыпым дыщIыхуеIэр? НатIэм итырщ хьэпс бжэIутыр...
ЛIэху а къомыр зигу къемыуэр екъуIауэ сэ солъытэ.

Дареджани Амираным тетхыхьар Мосэ Ханелищ;
Абдул-Мэсихь и уэрэдыр къесытхэкIыжар Шавителищ;
Диларгет и щIыхьыр лъагэу зыIэтар Саргис Тмогвелищ,
Тариэл нэпсыбэр усэм изылъхьар сэ-Руставелищ.

Псори дэзыхьэх зэпеуэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм ди пашэт республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къэдзэ **Битокъу Владимир**, КъБР-м спортымрэ щэнхабзэмкIэ и министрхэу **Хъущт Аслънбэчэрэ Къумахуэ Мухьэдинрэ**. Дэ псоми хуабжьу дгъэщIэгъуащ Махъэчкьалэ дэт стадионыщхуэм фестивалым щIидзэн и пэ кьихуэу къыщыIуа макъамэхэмрэ уэрэдхэмрэ ди лъэпкъхэм яйэхи куэду зэрахэтар. Абыхэм закъыкуэкуэдиикIыу зы макъ гуэр нэхъ пъэщыжу къэIуащ - хъыбар дагъащIэу арат махуэшхуэм ирагIкI гуфIэгъуэ тепльэгъуэм зэрыщIидзэмкIэ.

Хужьрэ плъыжькIэ зэщцыхэупыкIауэ, нэщхъыфIагъэр я нэгу кьищу утыкум кьихьа сабийхэм гу ящытхэну дыхунэсатэкъым ныбжьыщIэ нэхъыбэж стадионым кьыщихтам. Куэдыкiейуэ къэунэхащ щхъуэкIэплъыкIэ фащэхэр зэщIэпщIыщIэжу кьызыщылыдыкI пщащэхэмрэ щауэхэмрэ. Абыхэм яхэтт псысэ тельыджэм кьыхэкIа фIэкIа умыщIэну псэущхьэ теплъэ зиIэу хуэпахэрэ.

Махуэм и пэщIэдзэр пшагъуэ мащIэу зыкъызэщIэзыщIа дунейуэ къытхущIэкIами, зэхьыхьэшхуэм зыкърезыгъэхьэлIа псоми ди нэгум кьищ нэфIэгуфIагъэм кIуэгъэку нэхъри зэрыхэхъуэм псоми гу лъытэрт.

Зыр адрейм яужь иту стадионыщхуэм кьихьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъуэгуэм щызэхэт къэфакIуэ-уэрэджыIакIуэ ансамблхэр: япэщIыкIэ Дагъыстэным, абы кIэлъыкIуэу Ингушым щыщ артистхэр, ещанэу дэнэ щыпIи куэд щIауэ къыщащIыху «Кабардинка» ансамблым хэтхэр, иужьым, Шэшэным гъуазджэмкIэ и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэмрэ Ставрополь крайм уэрэдымрэ къафэмкIэ и къэзакъ ансамблым хэтхэмрэ, адэкIэ Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Къэрэшей-Шэрджэсым никIахэр. Псоми я лейуэ, дыдейхэм ягъэзэщIа къафэ тепльэгъуэр удэзыхьэхт, уи гур хэзыгъахъуэт. Ди артистхэм аIуэдизкIэ удрадзу утыкум зыщагъаззэрти, «ярэби, ди мылъэпкъэгъуэхэм абы гу лъамытэу пIэрэ?!» яхуэжьпIэрт.

Махуэшхуэм зэрыщIидзэм и нэщэнэу, Кавказым ис лъэпкъхэм щэнхабзэмрэ спортымкIэ и фестивалым и бэракъыр утыкум хуабжьу дахэхэмрэ ди зэхэтыкIэ екIымрэ щыдгъэлъэгъуэну, - жиIащ абы. - Дэ диIэщ ноби дызэрыгушхуэ хъуну щэнхабзэ къулей дыдэ. Сыхуейщ гуфIэгъуэр ди бэу, цIыхугъэмрэ Іущагъымрэ ди гъэзэгъуаззу, дахагъэмрэ лIыгъэмрэ ди Іэпэгъуу псори дызэдекIуэкIыну .

СпортымкIэ зэхьэзэхуэхэр лIэужьыгъуэ 12-кIэ зэхэгъэщхьэхуКIауэ щытащ: кIапсэм дэпщеиныкIэ, хьэлъэ зэпытэныкIэ, тIэунейрэ, щIнейрэ пъэныкIэ, баш псыгъуэ кIыхьэм тету къэкIухьныкIэ, атлетикэ псынщIэмкIэ, хьэлъэ къехьэкIыныкIэ, бэнэкIэ лIэужьыгъуитIымкIэ, Іэпщэкlэ, кIапсэкIэ зэпекъуныкIэ, шабзэкIэ нэщанэ еуэныкIэ, мини-футболымкIэ.

Хуабжьу удэзыхьэхт икIи нэгуэIужьхт кIапсэ зэпекъуныкIэ екIуэкIа зэхьэзэкуэр. Стадионым иса цIыхухэм яхэбгъуэтэну къыщIэкIынтэкъым а нап1ззыпIэм екIуэкI Іуэхугъуэм хуэгущIыIа.

Зэпеуэхэм къадэкIуэу, пщIантIэгъэльэгъуаПIэхэри къызэIуахат. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъуэгуэхэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр зыкуэдэр щагъэльэгъуэ утыкуэхэр щауэхэр Дагъыстэн Республикэм и Правительствэм и Унэм и гупэращ. Къэлэмэнт абыхэм ящыхэз дэтхэнэми удзыхьэу зыщыпплъыхьынри, къыдэIукI макъамэ гуакIуэхэм уащIэдэIунри, лъэпкъ къэс я щыIэкIэпсэукIэр ящыхьэщ зэхьэуэкIыныгъэфIэхэм ящыщщ.

Мы лъэхъэнэм щIэх-щIэхыуэр КИФЩI-м къыщыIэзрагъэпэщ фестивалхэр Кавказыр мамырыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я щIыналъэу зэрыщытым и щыхьэтщ.

- Мыпхуэдэ утыкум щIыналъэм хиубыдэ хэгъуэгуэм щыпсэу лъэпкъхэм щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ я зэфIэкIыр щагъэлъагъуэ, - жиIащ Нагорных Юрий. - Мы Іуэхугъуэм гъэ къэс нэхъри зыкъызэзрыхэщIиIэтэр и нэщэнэщ Кавказ Ищхъэрэм и цIыхухэм спортымкIи я зэфIэкIыр зэрыиным. Дэ псоми къызэрыдгурыIуэщи, фестивалым и кьалэн нэхъыщхьэр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ цIыхухэр зэшэлIэныкIэ, абыхэм я зэхуаку къыдэунахуэ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэныкIэ.

Бысымхэм къабгъэдэкIыу, Ставрополь краймрэ нэгъэщIэ республикэмрэ къыкIа хьэщIхэмрэ хуэхьу псалъэкIэ захуигъэзащ Дагъыстэным и Іэтащхьэ Абдулатипов Рамэзан.

- Мыпхуэдэ фестивалхэм дэ хуитынигъэ кьыдат Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм ижькIэрэ кьыддекIуэкI зыкърезыгъэхьэлIэ цIыхухэр, къыздикIа щIыпIэм, къызыхэкIам емылытауэ, нэхъ нэIуасэ, нэхъ гъунэгъу щызэхуохъу. Шэч хэмылту, ар иужьрей зэманым гъащIэм кьыхьхьэ зэхъуэкIыныгъэфIэхэм ящыщщ.

Зэпеуэхэм къадэкIуэу, пщIантIэгъэльэгъуаПIэхэри къызэIуахат. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъуэгуэхэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр зыкуэдэр щагъэльагъуэ утыкуэхэр щауэхэр Дагъыстэн Республикэм и Правительствэм и Унэм и гупэращ. ЩэлэмэнтI абыхэм ящыхэз дэтхэнэми удзыхьэу зыщыпплъыхьынри, кьыдэIукI макъамэ гуакIуэхэм уащIэдэIунри, лъэпкъ къэс я щыIэкIэпсэукIэр ящыхьэщ зэхьэуэкIыныгъэфIэхэм ящыщщ. Дэнэкъи щIалэгъуалэр щыкуэдт. НэхъыжьыпIэхэри, уебгъэмэ зи ныбжь хэкIуэтахэри щымащIэтэкъым а пщIантIэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэщIапIэм а маХуэм цIыху куэд щыпсэкIуащ. Абы къыщыщIэзрагъэпэщащ джэгушхуэм зыкъыщыщIэзыгъэгъуэ щIалэгъуалэм утыкур ягъэбжьыфIащ.

Фестивалыр зэрыщхъуащIыжьым иращIыкIа концертри хуабжьу удэзыхьхьыу икIи щIэщыгъуэу къыщIэкIащ. Абы Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъуэгу псоми я художественнэ коллективхэм зыкъыщагъэльэгъуащ. ЦIыху минхэр зэхуэзышэсэ гуфIэгъуэ Іуэхугъуэр жэщым фIыуэ хэкIуэтауэщ щиухар. А пщыхьэщхьэм мы гъэм Махъэчкьалэ щызэхэта Кавказ джэгухэм щытекIуа команди 3-м я цIэ ираIуащ. Яп1э увыпIэр - Дагъыстэным, етIуанэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым, ещанэр - Шэшэным хуагъэфэщащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Хъуэхъу

Хьэщыкъуей Анжелэ и гупым и зэфIэкI

Гъэсакlуэмрэ школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм ядэлажьэхэмрэ я махуэмкIэ ди гуапэу дохъуэхъу «Берёзка» сабий сад №29-м и унафэщI Хьэщыкъуей Анжелэ, Іуэхущlапlэм и методистхэу Дзадыщ Алиерэ Емыш Маринэрэ, гъэсакIуэ нэхъыжь Мэш Майе сымэ.

Зи щIэныгъэри зэфIэкIри щIэблэр гъэсэным тезыхуха фэ цIыху псэ кьабзэхэм, пщIэ ин зыхуэтщIхэм фызыпрыт IэнатIэм гукъыдэж къывиту, фхэлъ шыIэныгъэр мыкIуэщIу, жылагъуэм пщIэрэ гупыитэрэ щцвиIэу куэдрэ фыпсэуну, ди сабийхэм яхуеиIэ лъагъуныгъэмрэ гуапагъэмкIэ гъэнщIа фи дэтхэнэ махуэри пщIэрэ гупыитэрэ кьыфхуэзэхьхьажу къыщIэкIыну ди гуапэщ.

«Дюймовочка» гупым кIуэ сабийхэм я адэ-анэхэр.

● Футбол

ЛIуп Ислъам текIуэныгъэр къытхуехь

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Краснодар-2» (Краснодар) - 2:1 (1:1). Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 28-м. ЦIыху 900 еплъащ.

Судьяхэр: Кукуляк (Калугэ), Наумов, Образкэ (тIури Ставрополь щыщщ)

«Спартак-Налшык»: Антипов, Кузнецов, Дашаев, Мурачев, Каркаев, Дроздов (ЛIуп, 59), Краманренко (Мэшыкъуэ, 81), Дзыхьмыщ (Акриев, 66), Багъэтыр (Бажэ, 51), Семёнов (Соблыр, 77), Гугуев.

«Краснодар-2»: Кавлинов, Гогличидзе, Стежкэ, Марченкэ, Черов, Фомин, Жигулёв, Батютин, Марушкэ (Григорян, 68), Белоус (Воробьёв, 85), Комличенкэ.

Толхэр дагъэкIащ: Краманренкэ, 7 (1:0). Батютиным, 39 (1:1). ЛIупым, 65 (2:1).

Дагъуэ хущIащ Каркаевым, Гугуевым, Жигулёвым, ЛIупым, Бажэм.

ДЖЭГУГЪУЭ блэкIам Новороссийск и «Черноморец»-р 5:0-у зэрыхигъэщIам «Краснодар-2»-м и гукъыдэжьыр хуабжьу иIэтат икIи и екъулIэныгъэм Налшыки щыпшэну щIэхъуэпсырт. Арцхьэкlэ апхуэдэ гугъэ нэпцIхэр абы зэриIар зэIущIм и ебланэ дакьикъэ пщIондэщ. ИжьырабгъумкIэ къыщыхата топым Краманренкэ Сергей и лъакъуэр пэщIигъэувэри хьэщIхэм я гъуэм дигъэкIащ.

Премьер-лигэм щыджэгу Пермь и «Амкар»-м Урысей Федерацэм и Кубокыр къэхьыным ипкъ иткIэ махуищ ипэкIэ драгъэкIуэкIа зэIущIэ гугъум ди щIалэхэм я къарур зэрыщIихар наIуэт. Абы щхьэкIэ къэмынэу «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкIуэныгъэхэм пищащ. ИкIи гурыIуэгъуэкъым загъэпэсхуну икIыным и пэ къихэуу топ къызэрыхудагъэкIа щIыкIэр. «Краснодар-2»-р япэу ди гъуэм къызэреуэу бжыгъэр зэхуэдэ хъуащ. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщыщи, мыгъэрей зэхьэзэхуэм кьриубыдэу иджыщ налшыкдэсхэм я хьэрхуэрэгъуэхр ди стадионым къыщыхэжаныкIар.

Джэгум и етIуанэ Іыхьэри «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкIуэныгъэ пъэщэмкIэ къыщIидзащ. ЗэIущIэм къыхьхьагъащIэ Бажэ Амирэ ЛIуп Ислъамрэ я хьэрхуэрэгъуэхэм щхьэкъэIэтыпIэ иратыртэкъым. Апхуэдэхэм ящыщ зым текIуэныгъэр къахуэзыхьа бжыгъэ зэфIэгъэува хъуащ. Каркаев Алим сэмэгурабгъумкIэ къыщыхита топыр дахэ дыдэу щхьэкIэ ЛIуп Ислъам гъуащхьэм и пIанэпэ дыдэм дигъэкIащ.

Адэкlи Іэмалгъуэзэджэхэр ди щIалэхэм яIащ. Арцхьэкlэ бжыгъэм зихъэжакъым.

Мы зэIущIэм зэрыщытекIуам и фIыгъэкIэ «Спартак-Налшыкым» зыхэт гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и яп1э къекIуэкIыгъэм бжьыпэр къыщицкIэщ, ар иухыным иджыри джэгуГуитI иIэж пэтми. КъакIэлъыкIуэ «Іофыпсым» ди щIалэхэр очкоиблкIэ яп1э ищакIэщ, ар Новороссийск щыIэу «Черноморец»-м къызэрыкигъэщIам къыхэкIыу. ЦIыхьэ и къару зэдынэсыр иджы абыхэм я зэIущIэм тхьэмахуэ дэкIмэ щызэхэгъэкIынущ.

ЩыгъуазэфIыхуэтщIынщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм иужьу щекIуэкIа джэгугъуэм кьрикIуа бжыгъэхэм: **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Алания»** (Владикавказ) - **1:1**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Тэрч-2»** (Грозный) - **2:2**, **«Черноморец»** (Новороссийск) - **«Іофыпс»** (Іофыпс) - **2:1**, **МИТОС** (Новочеркасск) - **«Астрахань»** (Астрахань) - **0:3**, **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **1:0**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **1:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» жэпуэгъуэм и 4-м иригъэкIуэкIынущ. А махуэм ди щIалэхэр Краснодар крайм «Іофыпс» командэм щыIущIэнщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Спартак-Налшык»	11	9	2	0	20-4	29
2. «Іофыпс»	11	7	1	3	18-12	22
3. «Краснодар-2»	11	6	2	3	21-10	20
4. «Черноморец»	11	5	3	3	14-13	18
5. «Тэрч-2»	11	4	4	3	18-12	16
6. «Динамо-Ставрополь»	11	4	3	4	11-10	15
7. «Мэшыкъуэ-КМВ»	11	4	3	4	11-10	15
8. «Ангушт»	11	4	2	5	9-10	14
9. «СКА»	11	4	1	6	12-14	13
10. «Астрахань»	11	4	1	6	11-16	13
11. «МИТОС»	11	3	2	6	9-16	11
12. «Алания»	11	1	6	4	5-14	9
13. «Биолог-Новокубанск»	10	2	2	6	5-12	8
14.«Дружба»	10	2	2	6	11-22	8

ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм Егъэджакlуэхэм я махуэм ирихьэлIэу къызэригъэпэщ «Адыгэбзэм и гупсэхэр» пшыхьым

ФЫКЪЫДОГЪЭБЛАГЪЭ

Жэлуэгъуэм и 3-м сыхьэт 14.00-м щIидзэу
Налшык и Къэрал киноконцерт гъэльэгъуаПIэм щекIуэкIынущ

Пшыхьыр ягъэдэхэнущ:

«Кабардинка» къэрал къафакIуэ гупым, Лосэн Тимур, уэрэджыIакIуэхэу Тхьэгъэлэдж Светланэ, Сокъур Ольгэ, Багъ Любэ, Хьэкъуэ Оксанэ, Тхьэзэплъ Залинэ, ЦокIыл Азэмэт, Уэзрокъуэ Чэрим, Дышъэкl Артур, Бэч Азэмэт, Шэджэм Светланэ сымэ, «Пшыналъэ», «Амикс», «Налшык» къэфакIуэ-уэрэджыIакIуэ гупхэм.

● Школ хъыбархэр

ЗэфIэкIыу ябгъэдэлъыр мащIэу фимыгугъэ

Гъэ еджэгъуэм школхэр хуэгъэхьэзырынымкIэ илъэс къэс екIуэкI зэпеуэм Бахьсэн щIыналъэм и еджапIищ хигъэтыну унафэ ищIащ. Абыкlэ хъыбар дигъэщIащ Бахьсэн район администрацэм и пресс-Іуэхущlапlэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР нэхъыбэу щIрагъэкIуэкIыр 2015 - 2016 гъэ еджэгъуэм школхэр хуэгъэхьэзырынырщ, сабийхэр зэрырагъэджэн, зэрагъэсэн Іэмалхэр нэхъыбэ щIыныращ.

«Сабий садым, пэщIэдзэ классхэм кIуэ цIыкIухэр» унэтIыныгъэм хэтынущ Къубэ-Тэбэ къуажэм дэт сабий садыр, «Еджакlуэ щитхум нэс зыщIэс школхэр» унэтIыныгъэм хыхьэнущ КъулъкъужьиИщхъэрэ къуажэм дэт школ №4-р, «Еджакlуэ миным нэс зыщIэс школ» унэтIыныгъэм я къару щеплъыжьынущ Кьыщпэк къуажэм дэт курыт школыр.

Еджапlэхэм къагъэльэгъунущ зэфIэкIыу ябгъэдэлъыр. Абыхэм ящыщщ уставыр, паспортыр, видео Іэмэпсымэу яIэхэр, шхапIэм, спорт утыку цIыкIухэм я щытыкIэхэр, щIымахуэм зэрыхуэхьэзырыр, школ блынхэр зэрагъэщIэрэщIа щIыкIэхэмрэ Іэмалхэмрэ, медицинэ кабинет, езым и сайт еджапlэм иIэныр, нэгъуэщIхэри.

Зэпеуэм зыщыхуагъэхьэзырым а Іуэхущlапlэхэм лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ: бжэхэр, щхьэгъубжэхэр яхъуэжащ, унэхэм я щIыбхэр зэрахьащ, бжыхьэр ихуреягъкIэ ягъэуващ, пэшхэр зэпэщ ящIащ.

Мыбдежьым къыщыхэгъэщIапхъэщ зэпеуэм хэтыну Іуэхущlапlэхэм Бахьсэн щIыналъэм щIэныгъэрылажьэхэм папщIэ щекIуэкIа зыщыкъэуIу зэIущIэм щIыхь тхьылъхэр, щIыпIэ администрацэм и фIыщIэ тхьылъхэр зэрыхуагъэфэщащ.

ЧЫЛАР Аринэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Тхылъ хуатх

Еджакlуэхэр зэщIыгъуу къыщрашэкIкIэ Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и школхэр хабзэм зэрытетыр щIыпIэ прокуратурэм къипщытащ.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР щрагъэкIуэкIым къызэрахутамкIэ, гъэзгу шынагъуэншагъэм теухуа федеральнэ законодательствэр щIыналъэм и курыт еджапIэ псоми щагъэзащIэркъым. Сабийхэр къызэрырашэкI транспортыр а Іуэхум хуэщIакъым. ЦIыхухэр зэрагъэIэпэхъуэ, гъэзгум зэрытехьэ, зэрыщызекIуэ хабзэхэм, нэгъуэщIхэми зэрыкIэлъыплъ тахографхэр ираIуэвакъым, апхуэдэу ГПОНАС спутник навигацэ ІэмэпсымэхэмкIэ ягъэпсакъым.

Къэпщытэныгъэм кърикIуам ипкъ иткIэ, ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжыну кьалэн ящызыщI тхылъ егъэджныгъэмкIэ щIыналъэ управленэм и унафэщIым хуатхащ.

Тезырхэр хуагъэгъу

«1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэр илъэс 70 зэрырикъум къыхэкIыу амнистие къыхэлъхьэным и Іуэхукlэ» 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм къищта Унафэ №6576-6 ГД-р зэрагъэзащIэм КъБР-м и прокуратурэр хэхауэ кIэлъоплъ.

УНАФЭМ ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым тезырхэр щрахьэкI и Іуэхущlапlэхэм щаIыгъэхэм ящыщу 296-р зыщIхьэIуIм и 1-м ирихьэлIэу амнистием хэхуащ: 28-р цIыхубзщ, 268-р цIыхухъущ.

ЯгъэтIысхэзэм тезырхэр зэрыхуагъэгъум теухуауэ къащта унафэр республикэм и прокуратурэм хабзэм къезэгъуу икIи шэч зыхэмылъу къыпытащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущlапlэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къэудзэ), **Жьакlэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къэудзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къэудзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщl Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратыгъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжырэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къэудзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэдэжныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIыуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущlапlэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкIым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыгъэдзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къэудзэ Къаншокъуэ Эллэ, редакторыр Уэрдокъуэ Женя, корректорхэр Щоджэн Иннэ (*1, 2, 4-нэ нап.*), Щоджэн Заирэ (*3, 5, 6-нэ нап.*). Корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Елмэс ФатIимэ. *Компьютеркlэ газетым и тепIэр ящIащ* Ныр Саидэ, Дзо Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахьэ Анжелэ, *суэрэхэм елэжьар* Къарей Элинэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1636